Адыгэ макъ
Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!
Черкес хэку
ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ
КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР
1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI
# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО
№№32-33 (21.191) ● 2008 гъэм мазаем (февралым) и 20, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Номер 70 зэхэт

«Адыгэ макъ», «Черкес хэку», «Адыгэ псалъэ» лъэпкъ газетхэм зэгъусэу ягъэхьэзыр номер зэхэтхэм я 70-нэ къыдэкIыгъуэщ щIэджыкIакIуэхэм нобэ я пащхьэ итлъхьэр.

Адыгэ редакцэхэм я журналистхэр зэрызэгурыIуам тету, зи чэзу къыдэкIыгъуэр яхухэтхащ лъэпкъым и цIыху пажэхэм, зи зэфIэкIкIэ цIэрыIуэ хъуахэм. Абыхэм ящыщ куэдым ятеухуа тхыгъэхэр ихуащ «Эль-Фа» тедзапIэм къыдигъэкIа «Кавказым и цIыху цIэрыIуэхэр» щIэнгъуазэм. Апхуэдэ тхылъхэм къалэнышхуэ ягъэзащIэ зыпэрыт IэнатIэхэм зэфIэкIышхуэ къыщызыгъэлъагъуэхэм я Iулыджыр къэIэтынымкIэ, абыхэм я щапхъэ дахэр къытщIэхъуэ щIэблэм гъуазэ яхуэхъунымкIэ.

«Бзур зыIэтыр и дамэщи, цIыхур зыIэтыр и лэжьыгъэрщ» жызыIа ди нэхъыжьыфIхэм я псалъэ Iущхэр джэлэс зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм езыхэм я цIэхэр фIыкIэ ягъэIум и мызакъуэу, зыщыщ республикэхэм, лъэпкъым, зэрыщыту къэралым я пщIэр, я щIыхьыр ягъэлъапIэ. КъыдэкIыгъуэм ит тхыгъэхэр зытеухуахэм гъащIэм я лъагъуэ щыхашыжащ, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щытхъу пылъу зыкъыщагъэлъагъуэ. Абыхэм ди щIалэгъуалэр ядэплъейрэ, апхуэдэ Iуэху зехьэкIэхэр щапхъэ дахэ яхуэхъумэ, зэрылъэпкъыу ифI къызэрыдэкIынум щIэджыкIакIуэхэм иджыри зэ гу лъедгъэтэнырщ мы къыдэкIыгъуэм купщIэ хуэтщIари, ар къыдэхъулIамэ, ди гуапэщ.

## ЦIыхухэм зэуэ фIыуэ ялъэгъуа

# Тхьэмадэ Iумахуэ

***Къанокъуэ Арсен Башир и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Шытхьэлэ къуажэм 1957 гъэм мазаем и 22-м къыщалъхуащ. 1981 гъэм абы къиухащ Плеханов Г. В. и цIэр зэрихьэу Москва дэт цIыхубэ хозяйствэмкIэ институтым и сату-экономикэ факультетыр. Экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ. Экономикэ щIэныгъэхэмрэ хьэрычэтыщIэ Iуэхухэмк Iэ Академием хэтщ, ЩIДАА-м и академикщ. Къанокъуэм и къалэмыпэм къыщIэкIащ рыночнэ экономикэр зэкIэлъыгъэкIуэным и хабзэхэм теухуа монографие, тхыгъэ куэд.***

***1981 - 1983 гъэхэм Совет Армэм къулыкъу щищIащ. 1983 - 1987 гъэхэм Москворецкэ пхъэщхьэмыщхьэ-хадэхэкI хъумапIэ зэгухьэныгъэм щылэжьащ.***

***1987 гъэм «Кодекс» къэзыщэху-зыщэж кооператив Москва къыщызэIуихащ. 1991 гъэм сату центрхэр къэзыгъэсэбэп, банк IэнатIэм, инвестицэхэм я рынокым щылажьэ, ухуэныгъэхэр езыгъэкIуэкI «Синдикэ» холдинг компаниер къызэригъэпэщащ.***

***1996 гъэм щыщIэдзауэ 1998 гъэм нэсыху «ЦентроКредит» АКБ» акционер обществэ зэхуэщIам и акционеру, директорхэм я советым хэту щытащ. 1998 - 2003 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу УФ-м и Президентым и деж зэпымыууэ щыIэм и къуэдзэщ.***

***2003 - 2005 гъэхэм Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатщ. «Зыуэ щыт Урысей» партым Зэзыгъэуlу и советым ипщэ щIыналъэхэм щыIэ и лэжьакIуэм и къуэдзэу, Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу щытащ.***

***УФ-м и Президентым къыхилъхьэри, КъБР-м и Парламентым 2005 гъэм фокIадэм и 28-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президенту игъэуващ.***

***Къанокъуэ Арсен Башир и къуэр унагъуэщ, щхьэгъусэрэ бынищрэ иIэщ.***



КъБР-м и Президенту зэрылажьэ зэманым къриубыдэу Къанокъуэ Арсенрэ абы и унафэ щIэтхэмрэ я къаруи зэмани емыблэжу йолэжь республикэм щыIэ социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным. Илъэс гъунэгъухэм зэфIагъэкIыну я мурадхэр къыщыгъэлъэгъуа дэфтэр нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщщ 2006 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м Президентым щIыпIэ Парламентым Зэрызыхуигъэзар. Абы жылагъуэм и гъащIэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэу гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэхэр, илъэси 5 гъунэгъум республикэм зэрызиужьыну унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ къэрал властым и органхэм къапэщыт къалэнхэмрэ щыубзыхуащ.

Нэхъапэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм теухуауэ къыхалъхьа апхуэдэ документхэм къыщыгъэлъэгъуахэм пызыщэу щытми, Къанокъуэ Арсен Парламентым Зэрызыхуигъэзар адрейхэм къащхьэщокI зэрыщыту зыхуэунэтIахэмкIи къигъэув къалэн пыухыкIахэмкIи. Абы къыщыгъэлъэгъуар зы илъэс къалэнхэркъым, атIэ зэман кIыхьым тещIыхьащ. Нэгъуэщ Iу жыпIэмэ, стратегие плъапIэхэр еубзыху. Зэрызыхуагъазэм кууэ икIи пIалъэкIэ зэщхьэщыхауэ къыщыгъэлъэгъуащ КъБР-м зэрызиужьыну щIыкIэр, IэнатIэ къэс къащыпэщыт къалэн IупщIхэр къыщыгъэлъэгъуауэ.

Ди республикэм щыпсэу лъэпкъыбэм сыт и лъэныкъуэкIи дагъ Президентым иригъэкIуэкI политикэр икIи нэрылъагъу ящохъу я псэукIэр езыгъэфIэкIуэн, лъэпкъхэм яфI къызыпэкIуэн унафэ щхьэпэрэ Iуэху дахэ куэдымрэ я зэхэублакIуэ, жэрдэмщIакIуэ емышыжу ар зэрыщытыр.

**АБЕЙ Дахэлинэ.**

## ДУНЕЙМ ЩЫХЪЫБАРХЭР

### ЗэгурыIуэркъым

**<u>ООН-м ШынагъуэншагъэмкIэ и советым унафэ пыухыкIа къищтакъым Косовэ щIыналъэм теухуа IуэхумкIэ.</u>**

Ар къэрал щхьэхуэ хъуныр хабзэм къызэремызэгъыр жиIащ Урысейм. УФ-м къыдощI Китайр зи пашэ къэрал зыбжанэ. АрщхьэкIэ езы США-ми, абы и текъузэныгъэкIэ ЕС-м хэт къэрал нэхъ лъэрызехьэхэми Косовэ къэрал щхьэхуэу къалъытащ.

ООН-м аргуэру къигъэлъэгъуащ мыхьэнэшхуэ зиIэ зы Iуэхуи хабзэм тету зэрызэфIимыхыфыр.

### 1976 гъэ лъандэрэ

**<u>Апхуэдиз зэманкIэ Кубэм и Iэтащхьэ Кастрэ Фидель республикэм и Къэрал Советым и унафэщIу щытащ.</u>**

АрщхьэкIэ иджы дыдэ жиIащ а къулыкъум зэрытекIыр.

ИлъэситI и пэкIэ сымаджэ хьэлъэ хъуа и ужькIэ зи ныбжьыр хэкIуэта Кастрэ къэрал Iуэхухэм щIагъуэу хэIэбэжыркъым. Абы жиIащ нэгъуэщIхэм гъуэгу яритын хуейуэ.

### Уэсышхуэ къос

**<u>Сочи и аэропортыр зэхуащIын хуей хъуащ щIыпIэм уэс борэным зэрызыщиIэтам къыхэкIыу.</u>**

Техникэм хуэгъэкъабзэркъым телъэтыкIыпIэ-къэтIысыпIэхэр. Къалэм кIуэ кхъухьлъатэхэр Краснодар, Ростов, нэгъуэщI щIыпIэхэм щагъэтIысын хуей мэхъу. Синоптикхэм зэрыжаIэмкIэ, мы щIыпIэм иджыри махуищкIэ дуней щытыкIэр щыапхуэдэнущ.

***(ИТАР-ТАСС).***

### НОБЭ

◆1962 гъэм американ астронавт Генн Хершел Джон США-м щыяпэу ЩIыр и хъуреягъкIэ къилъэтыхьащ «Меркурий» космос кхъухьым ису.

◆1940 гъэм Налшык къыщызэIуахащ IэфIыкIэ фабрикэ.

◆1942 гъэм къалъхуащ композитор, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат ХьэIупэ ДжэбрэIил.

◆ 1951 гъэм къалъхуащ МЧС-м и генерал-лейтенант, УФ-м и Къэзыбж палатэм и инспектор нэхъыщхьэ, Москва Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Дзыбэ Мусэ.

◆**<u>Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ зы дакъикъэм, къухьэжынущ сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 42-м.</u>**

◆**<u>Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 41-рэ.</u>**

*ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар* **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

### Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Мыублэ мыхъумэ, мыух щыIэкъым.**

### ● Гу зылъытапхъэ

## Щыуагъэр зэрагъэзэхуэж

**<u>Мазаем и 17-м сыхьэти 10-рэ дакъикъи 10-м «Мир» телеканалымкIэ къагъэлъэгъуащ ди республикэм и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ Iуащхьэмахуэ лъапэ теухуа «Гъуэгугъэлъагъуэ» программэр.</u>**

«Мир» МТРК-м Налшык щиIэ корреспондент пунктым игъэхьэзыра а нэтыным щыуагъэ щаIэщIэкIащ - абы щыжаIащ Iуащхьэмахуэ и щыгур япэу къэзыгъэIурыщIа адыгэлI Хьэшыр Чылар лъэпкъкIэ къэрэшей хуэдэу.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм программэр зыгъэхьэзырахэм абы гу лъаригъэтэжащ икIи къызэригъэувам ипкъ иткIэ, мэрем дызыхуэкIуэм, мазаем и 22-м пщэдджыжьым сыхьэти 8-рэ дакъикъэ 30-м нэтыныр «Мир» каналым къигъэлъэгъуэжынущ, яIэщIэкIа щыуагъэр зэрагъэзэхуэжауэ.

Абы и пэ къихуэу, нобэ, мазаем и 20-м сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 35-м «Налшык» ОРТК-м и каналымкIэ а нэтын дыдэр къагъэлъэгъуэнущ.

Номер 70 зэхэт



# Пэж жеIэ, фIым хущIокъу,

## е ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий и лъагапIэхэр

***Социологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий 1947 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м Адыгэ Республикэм и Красногвардейскэ куейм хыхьэ Улап къуажэм къыщалъхуащ. Абы дэт курыт еджапIэм и ужькIэ, Адыгей къэрал пединститутым филологиемкIэ и факультетыр къиухащ - урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэр зригъэгъуэтащ. 1977 гъэм физическэ гъэсэныгъэмкIэ факультетри къиухыжащ.***

1971 ГЪЭМ къыщыщIэдзауэ 1983 гъэ хъуху физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ IэнатIэм къулыкъу зэхуэмыдэхэм щыпэрытащ, Адыгей спорткомитетым и тхьэмадэу, «Спартак» область комитетым и унафэщIу щытащ. 1986 гъэм филологие щIэныгъэхэм я кандидат лэжьыгъэр щыпхигъэкIащ куржы литературэмкIэ институту Руставели Шота и цIэр зезыхьэм, Грузие ССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием хэтым. 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м УФ-м и Президент Путин Владимир, Адыгэ Республикэм и Президент къулыкъур ТхьэкIушынэм хуэфащэу къилъытэри, абы и кандидатурэр къигъэлъэгъуащ икIи Адыгей Къэрал Советым хэтхэм ар зэдэарэзыуэ даIыгъащ.

ЩIэныгъэлI, политик щыпкъэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий фIыуэ къыщацIыхур зи унафэщI республикэм и закъуэкъым. Абы и гуащIэ зыхилъхьа Iуэхушхуэхэм ящыщщ Мейкъуапэ къэрал технологие университетыр къызэрызэригъэпэщар. Ар хабжэ Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэ къызэIуахагъащIэхэм ящыщу пщIэ нэхъ зиIэхэм. Илъэси 10-м къриубыдэу Аслъэнджэрий зи тхьэмадэ институтыр университет хъуащ, лъэныкъуэдкIэ иIэ ефIэкIыныгъэр гулъытэншэу къэнакъым. Мейкъуапэ къэрал технологие университетыр нобэ щIэныгъэ центр абрагъуэщ, и факультет 11-м студент мини 10-м щIэныгъэ щызрагъэгъуэту.

1995 гъэм ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий и доктор лэжьыгъэр Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым щыпхигъэкIащ, илъэс дэкIри профессор цIэр къыфIащащ.

Аслъэнджэрий гъащIэр къызэрыхуэупса тыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ и къуэ Мухьэмэд пщIэ зыхуащI цIыхуу зэрыщытыр. Ар Адыгэ Республикэм и прокурор-криминалистщ, экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, юридическэ щIэныгъэхэм я докторщ.

УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, Адыгейм, Кубаным, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шэшэн Республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ ТхьэкIушынэ КIытIэ и къуэ Аслъэнджэрий Урысейм и академиеу 8-м хэтщ, ди къэралым и лъэпкъ-жылагъуэ саугъэт нэхъыщхьэр - Петр Езанэм и цIэкIэ ягъэува медалыр, «Урысейм и щIэныгъэмрэ экономикэмрэ зегъэужьыжыным зэрыхэлIыфIыхьам папщIэ» зыфIащар, «Ренессанс» урысей фондым и щIыхь тхылъыр, нэгъуэщI куэди къыхуагъэфэщащ. Аслъэнджэрий теухуауэ тхыгъэ итщ щIэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ лэжьакIуэ нэхъыфIу дуней псом къыщалъытахэм я цIэхэр щызэхуэхьэса «Хэт хъуну ар» тхылъым. Абы и дамыгъэ лъапIэхэм 2003 гъэм къахэхъуащ «Адыгейм и ЩIыхь» медалыр.

Адыгейм щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхуми и зэфIэкI хилъхьэным зэи зэпыIуидзакъым а цIыху жыджэрым: мызэ-мытIэу Мейкъуапэ къалэм, Адыгей областым, республикэм и япэ Совет Нэхъыщхьэм я депутату щытащ.

Адыгэ Республикэм и Парламентым щIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщIу щылажьэм, сыт хуэдэ Iуэхури фIагъ лъагэ иIэу зэфIэгъэкIыныртабы и къарур зыхуэунэтIар. Езым зыхуигъэувыж къалэн къызэрымыкIуэхэр зэфIэхыным папщIэ лъэкI къигъанэркъым, адрей къыдэлажьэхэми зэращыгугъыр аращ. Пэжыр жиIэу, фIым хущIэкъуу щыт цIыхущи, щIимыхъумэIауэ утыку кърехьэ. Ауэ абы къыдэкIуэуи цIыху гуапэщ, гу пцIанэщ, лъэIукIэ къыбгъэдыхьар зымыгъэщIэхъуфщ.

ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий къызэрилъытэмкIэ, Адыгэ Республикэр экономикэ кризисым къикIын папщIэ поли- тикэ, социально-экономикэ, щэнхабзэ унэтIыныгъэхэм ехьэлIауэ Iуэху къызэрымыкIуэхэр зэфIэгъэкIын хуейщ. Абы папщIэ щIапхъэхэм щыгъуазэщ Президентыр икIи и мурадхэр зригъэхъулIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуну зыщыгугъыр зэчий зыбгъэдэлъ, лэжьыгъэм зыщызымыдзей щIалэгъуалэрщ.

**ШЫПШ Даянэ.**

> *Дунейм тет нэхъ лъэпкъ хахуэ дыдэхэм ящыщщ шэрджэсхэр.*
>
> *КАНИТЦ Ф.*

● Щапхъэ

# Махуэ къэс



***Адыгэ Республикэр къызэгъэпэщыным, лъэ быдэкIэ увыным, зегъэужьыным зи гуащIэ езыхьэлIахэм ящыщщ Джарым Аслъэн Алий и къуэр. Аращ Адыгейм и япэ Президенту щытари.***

1939 ГЪЭМ щэкIуэгъуэм и 7-м Куэшхьэблэ районым хыхьэ Еджэрыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэм и ужькIэ Кубань мэкъумэш институтым агрономиемкIэ и факультетыр къиухащ. ЕджапIэм щыщIэса лъэхъэнэм Джарымыр спортым хуабжьу дихьэхыу щытащ: и зэфIэкI щигъэлъагъуэрт область, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм, уеблэмэ самбэмкIэ СССР-м спортымкIэ и мастер, Урысейм и чемпион хъуащ.

IэнатIэ зыбжанэм пэрыта Аслъэн къызэрымыкIуэу фIыуэ хещIыкI Адыгейм и гъащIэм. Ар щылэжьащ парт IуэхущIапIэхэми.

ИпэкIэ укIуэтэн папщIэ, щIэныгъэ куу уиIэн зэрыхуейр пасэу зыхэзыщIа щIалэр аспирантурэм щеджащ, зэман кIэщIым къриубыдэу и кандидат лэжьыгъэри пхигъэкIащ. 1985 гъэм КПСС-м и ЦК-м деж Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ щыIэ академиери къиухыжащ. 1995 гъэм «Адыгей автономием къикIыу республикэм хуэкIуэу» тхылъыр Москва къыщыдегъэкI Аслъэн, а гъэ дыдэм и доктор диссертацэри пхегъэкI.

Адыгей автоном областыр Краснодар крайм къыхагъэкIыу, Адыгэ Республикэр къызэрагъэпэща нэужь, 1992 гъэм и щIышылэм абы и япэ Президенту хах Джарымыр. Илъэсищ дэкIа нэужь, премьер-министр къулыкъур егъэпсри, и пщэрылъхэм и ныкъуэр зыщхьэщех.

1997 гъэм екIуэкIа хэхыныгъэхэм къагъэлъагъуэ ар етIуанэ пIалъэкIэ президент къулыкъум къытенэну дзыхь къызэрыхуащIыр. Хэхыныгъэхэм хэтыныр Аслъэн дежкIэ Iуэху къызэрыгуэкIтэкъым: езыри етIуанэ пIалъэм хуэпабгъэртэкъым, и унагъуэри арэзытэкъым. Зыт абыхэм я гупсысэр: нэхъыщхьэр къызэнэкIа хъуат - республикэ къызэрагъэпэщат. Ар зы лъэныкъуэкIэт, нэгъуэщIу уеплъмэ, абы цIыхубэм я дзыхь кърагъэзат. Аргуэру а къулыкъум щыпэрыувэжым, зыщIидза Iуэхум и зы Iыхьэм - экономикэр къэгъэщIэрэщIэжыным, абы зегъэужьыным ерыщу хуэлэжьащ.

Президент къулыкъур епхьэкIыныр Iуэху къызэрыгуэкIкъым. Къэралыгъуэр ухуэныр, Адыгейм и социально-экономикэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм зегъэужьыныр апхуэдизкIэ гугъути, махуэ къэс щхьэкъэIэт уимыIэу улэжьэн хуейт. «Хэт ищIэрэ, спортым апхуэдизу сыдихьэхыу щымытамэ, сыпэлъэщыну къыщIэкIынтэкъым а Iуэхухэм», - жеIэ Аслъэн.

Джарымым къару къыхэзылъхьэхэм ящыщт и унагъуэр. И щхьэгъусэ ФатIимэ юристщ, ипхъу нэхъыжь Анжелэ экономистщ, нэхъыщIэ Бэлэ дунейпсо экономикэмкIэ IэщIагъэ МГИМО-м щызригъэгъуэтащ.

Дауи, республикэ щхьэхуэм сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэза рыночнэ экономикэ щыпхуэухуэнукъым, къэралым апхуэдиз зэкIэлъымыкIуэныгъэ иIэу. Ауэ гугъэ уэзыгъэщI лъэбакъуэ куэд ичащ Джарымым. Адыгей къэрал университетыр, технологиемкIэ Мейкъуапэ къэрал институтыр, лъэпкъ телевиденэр къызэIухыныр, симфоние оркестрымрэ нэгъуэщI творческэ гупхэмрэ къызэгъэпэщыныр, еджапIэхэм адыгеибзэр щаджу къэублэжыныр, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я жэрдэмыр ядэIыгъыныр - ахэр Аслъэн республикэм щызэфIигъэкIа лэжьыгъэ мыкIуэдыжынщ.

«Республикэм щыщыIэ жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэр, мамырыгъэр, зэгурыIуэныгъэр псом япэу зи фIыщIэр абы щыпсэухэрщ, - къыпещэ Джарымым. - Ар икъукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ, ди щIыналъэм лъэпкъ зэхуэмыдэу 90 зэрыщыпсэур къэплъытэмэ».

2002 гъэм Адыгейм и зи чэзу президент хэхыныгъэр щекIуэкIам, Аслъэн и къулыкъур хуит хуищIащ Щэумэн Хьэзрэт. 2002-2003 гъэхэм Джарымыр УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэм и къуэдзэу щытащ.

Аслъэн къыхуагъэфэщащ «ЩIыхьым и дамыгъэ», Зэныбжьэгъугъэ орденхэр, медалхэр. Иужьрей илъэсхэм ар Урысей Федерацэм и генеральнэ лIыкIуэу Варнэ къалэ (Болгарие) щыIащ. АдыгэлI щыпкъэр иджы пенсэм щыIэщ, ауэ лэжьыгъэншэу щыскъым - Адыгей къэрал университетым экономикэмкIэ и кафедрэм и профессорщ, ЩIДАА-м щIыхь зиIэ и академикщ, ИнформатизацэмкIэ дунейпсо академием хэтщ. Апхуэдэуи махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу Джарым Аслъэн гукъэкIыжхэр етхыж, лъэпкъым и къэкIуэнум и нэIэ иджыри тригъэтщ.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Дисэ.**



Адыгэ Республикэ

● ЩIэныгъэм и гъуэгукIэ

# Акъылымрэ былымымрэ

***«Акъыл уэстын хьэмэрэ былым уэстын?» - щыжраIэм, «Акъыл къызэти, былым сэ къэзгъуэтыжынщ», - жиIэгъащ цIыху Iущ гуэрым. Пэжщ, цIыхум акъылрэ хуэфащэ щIэныгъэрэ иIэмэ, абы хузэфIэкIри нэхъыбэ мэхъу.***

***ХэткIи щэхукъым зы зэман гуэркIэ узэIэбэкIыжмэ, щIэныгъэм и пщIэр ехуэхауэ, щIалэгъуалэм еджэным зыпыIуадзу зэрыщытар. ЖаIэрт щIэныгъэм ахъшэшхуэрэ мылъкушхуэрэ къыхыумыхыфыну, фIыуэ уеджа закъуэкIэ уи щхьи, уи унагъуи пхуэмыгъэпсэуну. АрщхьэкIэ, зэманым зихъуэжри, щIэблэм зриташ щIэныгъэ куу зэгъэгъуэтыным. Ди лъэпкъыр къапщтэмэ, абы и щыхьэтщ щIэныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ кандидат, доктор хъуахэр дызэримымащIэр, зи ныбжькIэ щIалэ дыдэхэми апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр къызэралъэщыр, адэкIи щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ зыужьыныгъэ зэрызрагъэгъуэтыным ахэр зэрыхущIэкъур. ЖыIэпхъэщ апхуэдэхэр къэралми лъэпкъми гулъытэншэ зэримыщIыр.***

***Къэтщтэнщ илъэс кIуари, зи щIэныгъэкIэ, акъылкIэ лъагапIэфIхэм нэсыфа ди лъэпкъэгъухэр мащIэкъым. Куэдым Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къыбгъэдэкI цIэ, тыгъэ лъапIэхэр, ЩIыхь тхылъхэр, я фIыщIэр къызэрыхагъэщ бгъэхэIухэр къыхуагъэфэщащ. Зи лъэпкъыцIэр жыжьэ зыгъэIу, зи пщIэр лъагэ, зи щIыхьыр ин ди еджагъэшхуэхэу гъэ кIуам ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрызыгъэхьахэм ящыщ зыбжанэ мы тхыгъэм щывэдгъэцIыхунщ.***

Ди РЕСПУБЛИКЭМ и мызакъуэу, Урысейм и щIэныгъэрылажьэхэми фIыуэ къацIыху ди лъэпкъэгъу еджагъэшхуэ **ПэфI Маридэ ФуIэд и пхъур.** ЩIэныгъэ щызригъэгъуэта Ставрополь институтыр, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием этнологиемрэ антропологиемкIэ и институтым и аспирантурэр, щылэжьахэу УФ-м Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министерствэм и Кавказ Ищхъэрэ секторым и унафэщI IэнатIэр, Федеральнэ Зэхуэсым и Федеральнэ Советыр, Урысейм и Президентым и Администрацэр, иджы Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и щIэныгъэрылажьэ нэхъыжь IэнатIэр... Дауи, мы зи гугъу тщIахэм къагъэлъагъуэ Маридэ и щIэныгъэмрэ акъылымрэ здынэсыр.

Къилъэща фIыщIэ псом къадэкIуэу, мы гъэм бзылъхугъэ ныбжьыщIэм щIыхь пылъу и доктор диссертацэр пхигъэкIащ, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор хъуащ.

Зи ПСАЛЪЭ Iущхэр щIэныгъэ мэсхьэбым изыгъэувэ, бзэ щIэныгъэм, адыгэбзэм зегъэужьыным хуэлажьэ еджагъэшхуэщ **Иуан Зэуал Хьэжмурат и къуэр.** Иуаныр КъШКъПУ-м и доцентщ, филологиемкIэ адыгэ-абазэ кафедрэм и унафэщIщ, аспирантхэм я кандидат лэжьыгъэхэр гъэхьэзырыным телэжьыхьщ.

Иуаным щIэныгъэ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэ 35-м нэс и къалэмым къыщIэкIащ, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лъэIукIэ, щIэблэм къахуэщхьэпэн тхылъ зыбжани къыдигъэкIащ.

Егъэджэныгъэм псэемыблэжу зэрыхуэлажьэр къалъытэри, гъэ кIуам Зэуал щылажьэ университетым и щIэныгъэ Советым хэтхэм зэдэарэзыуэ абы профессор щIэныгъэцIэр къыфIащащ.

ЦIЫХУ КУЭДЫМ жаIэфынукъым илъэс щэныкъуэм зэрынэхьэскIэ зы IэнатIэм емыпцIыжу, ямыхъуэжу пэрытауэ. АтIэ, Жьакуэ къуажэ курыт еджапIэм тхыдэмкIэ и егъэджакIуэ, къуажэ тхыдэр зэхуэзыхьэсыжа, республикэм и музей нэхъыфIхэм хабжэр къызэзыгъэпэща **Мамхэгъ Владимир Хьэзиз и къуэр** апхуэдэ лэжьакIуэм и щапхъэщ. Зи гуащIэдэкI лэжьыгъэр илъэс 50 ирикъуа егъэджакIуэ щыпкъэм илъэс 45-р триухуащ къытщIэтаджэ щIэблэр егъэджэным, щIэныгъэ ягъэгъуэтыным, дахагъымрэ фIымрэ зэхащIыкIыу гъэсэным.

Зи илъэс 70 юбилейр мы гъэм зыгъэлъэпIэну Владимир ноби егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхур IэщIыб ищIыркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, и чэнджэщхэмрэ псалъэ Iущхэмрэ хуэныкъуэщ ар щылажьэ еджапIэр, щIэныгъэ зрит еджакIуэхэр. Мамхэгъыр Жьакуэ къуажэри, и лэжьэгъухэри зэрыгушхуэ, зэрыпагэ IэщIагъэлIщ, шыIэныгъэшхуэрэ цIыхугъэ инрэ зыхэлъ егъэджакIуэщ. А псори къыхалъытауэ къыщIэкIынщ нэгъабэ, ЕгъэджакIуэхэм я махуэщIым ехъулIэу "КъШР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ" цIэ лъапIэр къыщыхуагъэфащэм...

БЕСЛЪЭНЕЙ курыт еджапIэм и унафэщI **Балъкъэр Светланэ РэIуф и пхъур** зи лэжьыгъэм псэемыблэжу пэрыт, зи IэщIагъэр фIыуэ зылъагъу егъэджакIуэщ. Къапщтэмэ, егъэджэныгъэ Iуэхум Светланэ илъэс 36-рэ иритащ. ПэщIэдзэ классым и егъэджакIуэу къыщIидзэри, бзылъхугъэр унафэщI IэнатIэм нэсыфащ, и щIэныгъэм, шыIэныгъэм, псэ хьэлэлым, гуихауэ и пщэ илъ лэжьыгъэр зэригъэзащIэм и фIыгъэкIэ.

Зи къалэнхэр пылъхьэншэу зыгъэзащIэ егъэджакIуэ щыпкъэм гъэ кIуам хуэфащэ дыдэу къыфIащащ "КъШР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ" цIэ лъапIэр.

ЧЕРКЕССК къалэм дэт, еджакIуэхэм щIэныгъэфI щагъуэт 15-нэ лицейм и унафэщI **Бирам ФатIимэ Аслъэмбэч и пхъум** нэгъабэ къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къыбгъэдэкIыу «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» бгъэхэIур. «УнафэщI хьэлэмэт, унэтIакIуэ емышыж, зи гъащIэ псор щIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ тезыухуэ» - апхуэдэ псалъэ гуапэхэр хужаIэ щIыхь лъагэр къызыхуагъэфэща унафэщIым и лэжьэгъухэм.

Бирамым унафэ зыхуищI лицейр республикэ купсэм дэт еджапIэ нэхъыфIу ялъытэ, абы и щыхьэту мы IуэхущIапIэр Урысейпсо программэр нэхъыфIу зыгъэзащIэхэм хабжащ, фIыщIапщIэуи сом мелуан кърататщ. Шэч хэмылъу, еджапIэм и лэжьыгъэр фIыуэ зэрызэтегъэпсыхьам и фIыщIэ куэд хэлъщ лицейм и унафэщI бзылъхугъэ гуакIуэм. Лицейм и лэжьэкIэм, гупыр зэрызэхэтым укIэлъыплъа нэужь, гурыIуэгъуэ мэхъу унафэщI бзылъхугъэр и IэнатIэм зэрыхуэфащэр.

ИПЭКIЭ къызэрыхэдгъэщауэ, ныбжьыщIэ куэдым щIэныгъэ фIэщыгъэцIэ лъагэхэр зыIэрагъэхьащ, гъащIэм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэм хуэлажьэкIэрэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Москва къалэм илъэс бжыгъэ куэд хъуауэ къэрал Iуэху зэхуэмыдэхэр зезыгъакIуэу щылажьэ **Даур Рэмэзан Жэхьфэр и къуэр.**

2007 гъэм ди лъэпкъэгъу щIалэм дигъэгуфIащ - «Израиль-хьэрып зауэмрэ нобэ зэхуаIэ зэхущытыкIэхэмрэ» зыфIища и диссертацэр щIыхь пылъу пхигъэкIри, политологие щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ. АдэкIэ дунейпсо мыхьэнэ зиIэну и доктор диссертацэри Даурым зэрыпхигъэкIынур ди фIэщ мэхъу.

НЭГЪУЭЩIУ, ди республикэм щылажьэ, щеджэ ныбжьыщIэ куэд щIэныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ кандидат хъуахэщ. Апхуэдэхэщ, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъШТА-м уголовнэ хуитыныгъэмрэ процессымкIэ кафедрэм и доцент, хыхьэхэкIымрэ хуитыныгъэмкIэ факультетым и деканым и къуэдзэ **Балъкъэр Руслан Инал и къуэр;** мы академием къепха аграрнэ институтым щылажьэ, мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат, доцент **Абдокъуэ Ренатэ Уэхьид и пхъур;** экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуа, мы академием и егъэджакIуэ **Урым Дианэ Мухьэдин и пхъур.** Мы ныбжьыщIэхэм, я щIалагъэм емылъытауэ, я щIэныгъэкIэ, акъылкIэ лъэбакъуэфI гъащIэм щачащ, адэкIи я ехъулIэныгъэхэм зэрызрагъэужьынури шэчыншэщ.

***ДЭТХЭНЭ лэжьыгъэри къащти, гугъуехь пымылъу Iуэху щызэфIэкIыр зэзэмызэ дыдэщ. Псом хуэдэжкъым щIэныгъэ IэнатIэр. Щхьэихауэ жытIэфынущ илъэс кIуам ди лъэпкъым къыхэкIа щIэныгъэрылажьэхэм яхузэфIэкIар я лэжьыгъэ купщIафIэм кърикIуауэ. ИкIи, щIэныгъэцIэ лъапIэ къалъэщахэм Iэмал имыIэу къалэнышхуэхэр къыпэкIуэнущи, дэтхэнэми дащогугъ ди лъэпкъыцIэр нэхъри нэхъ жыжьэж зыгъэIуну ехъулIэныгъэфIхэмкIэ.***

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэ.**



● Пащэхэр

### Правительствэм и УнафэщI

**Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Жьэкуэ (Алъэсчырей) адыгэ къуажэжьым къыщалъхуа, къыщыхъуа Къардэн Алик республикэм и политик, Iуэхузехьэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм хабжэ. Абы и щыхьэтщ нэхъапэм КъШР-м и президенту щыта Семенов Владимири иджырей щIыналъэ Iэтащхьэ Батдыев Мустэфаи абы Правительствэм и УнафэщI къулыкъур зэрыфIамыхар. Алик лэжьыгъэр зэтезыублэф унафэщIу зыкъигъэлъэгъуащ ипэIуэкIэ Къэрэшей-Шэрджэсым и Профсоюз зэгухьэныгъэм и пашэу щыщытами.**

**Къардэным и Iуэхур докI, абы и къару псори КъШР-м зиужьыным, республикэм щыпсэу лъэпкъхэр зэгурыгъэIуэным хуэунэтIащи.**

● УхуэныгъэщIэхэр

# Хъупсырокъуэ Назир и уэрам



***Иужьрей зэманым ди республикэм зэрызиужьыр щыплъагъукIэ, ущымыгуфIыкIыу къанэркъым. Хьэбэз районыр къапщтэмэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ ухуэныгъэшхуитI илъэс кIуам и кIэм нагъэсащ.***

ПЭЖЩ, сыт хуэдэ ухуэныгъэщIэри хъарзынэщ, ауэ псом хуэмыдэу ущогуфIыкI ар сабийхэм щыхуащIым деж. ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа ухуэныгъитIри щIэблэм хухахащ. Апхуэдэщ Инжыджышхуэ къуажэр илъэс бжыгъэ хъуауэ зэжьэ курыт еджапIэмрэ Бэвыкъуэ щащIа, Кавказ Ищхъэрэм щынэхъыфIу къалъытэ сабий IыгъыпIэщIэмрэ.

Куэд щIащ инжыджышхуэдэсхэм папщIэ еджапIэщIэр къызэрырагъажьэрэ. Абы лъандэрэ республикэми районми я лIыщхьэхэр мызэ-мытIэу яхъуэжащ. Иджыри къэс щIэблэр щеджа школыр абы зыкIи тегъэпсыхьатэкъым, жьы дыди хъуат. Сабийхэм сменэ зэблэдзкIэ еджэну къахудэхуэрт.

Республикэмрэ районымрэ я нобэрей унафэщIхэм я фIыгъэкIэ къуажэдэсхэм яIуэтэжащ - пэш 22-рэ зыхэт, спорт, зыгъэпсэхупIэ пэш Iэхуитлъэхуитхэр, пщIантIэшхуэ зэгъэпэща зиIэ еджапIэшхуэ къагъэуващ. Абы щоджэ сабии 120-м нэс. Пэш зэлъыIухахэм, зэтегъэпсыхьахэм хуабжьу щыгуфIыкIащ егъэджакIуэхэри, адэ-анэхэри, езы цIыкIухэри.

Инжыджышхуэ къыщыхъуа, зи къуажэм куэд дыдэ хуэзыщIа, адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ Дер Станислав Едыдж и къуэм и цIэр фIащащ а еджапIэм.

Илъэс кIуам сабий садхэми гулъытэ хэха зэрыхуащIам и щыхьэтщ Бэвыкъуэ къуажэм Кавказ псом щынэхъыфI, "Нарт" зыфIаща сабий IыгъыпIэ къызэрыщызэIуахар. ПсомкIи зэтегъэпсыхьа сабий IыгъыпIэр УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и дэIэпыкъуэгъу Хъупсырокъуэ Назир и мылъкукIэщ зэраухуар.

Къуажэм щыпсэу нэхъыщIэ дыдэхэм хуащIа тыгъэм псори иригуфIащ. Сыту теплъэ дахащэ иIэ абы! ПщIантIэр джэгупIэ зэхуэмыдэхэмкIэ зэщIэузэдащ. И кIуэцIым ущIыхьэмэ, нэхъ телъыджэжщ - зэрыджэгу Iэмэпсымэхэр, гъуэлъыпIэхэр, шэнт тыншхэр, шхапIэ, зытхьэщIыпIэ зэтегъэпсыхьахэр. "Нарт"-р сабий 80 щаIыгъыным хуэщIащ. Абы къашэ Бэвыкъуэм и мызакъуэу Абазакт, ПсэукIэ Дахэ, Хъумэрэн къуажэхэм я сабийхэри. Апхуэдэ тыншыгъуэ зыгъуэтыжа цIыкIухэри, гъэсакIуэхэри, адэ-анэхэри, шэч хэмылъу, гупсэхугъуэ ихуащ.

Абы къыдэкIуэуи, районым и Iэтащхьэ Шыбзыхъуэ Мухьэрбий и фIыщIэкIэ Абазакт къуажэм щIыуэпс гъуэзыр ирашэлIащ. АбыкIи дэIэпыкъуэгъу хъуащ Хъупсырокъуэ Назир. Iуэхугъуэ фI куэд цIыхухэм яхуэзылэжь Хъупсырокъуэм фIыщIэ зэрыхуащIым и щыхьэту, хъумэрэнцIыкIудэсхэм къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм Хъупсырокъуэ Назир и цIэр фIащащ.

**ДЫГЪУЖЬ Синэмис.**

***Шэрджэсым хьэщIагъэкIэ пэхъун щыIэкъым, хьэщIэр Тхьэм и пащхьэ къикIауэщ абы зэрилъытэр, и псэр хьэщIэм щхьэкIэ итыфынущ.***

*ЛУККА Джиовани, итальян монах. 1634 гъэ.*



**Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ**

Номер 70 зэхэт


Ерчэн Тембулэт.

*Мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, Информатизацэмкlэ Дунейпсо академием, ЩIэныгъэхэмрэ гъуазджэмкIэ Петровскэ академием хэт Ерчэн Тембулэт Хъусен и къуэм саугъэт, щIыхь тхылъ бжыгъэншэхэр къыхуагъэфэщащ мэкъумэш хозяйствэм хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэхэм, лъэпкъхэр зэкъуэгъэувэным хуэунэтIауэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм папщIэ. ЩIэныгъэ лэжьыгъэ 20-м нэблагъэ къыщIэкIащ абы и Iэдакъэм. ГъэщIэгъуэнращи, абы къыхилъхьэ сыт хуэдэ проектри гъащIэм хепщэф, теорие зэман кIэщIым кърикIуэ лэжьыгъэ пыухыкIам хуегъэкIуэф.*

# Зэманым декIу

ЕРЧЭНЫР 1958 гъэм мазаем и 24-м Нарткъалэ къыщалъхуащ. 1982 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш институтым агрономиемкIэ и факультетыр къиухащ. 1992 гъэм къызэIуихауэ щытащ и уней предприятэ икIи хьэрычэт Iуэхум хуэIэижь, жыжьаплъэ щIалэм зэман кIэщIым кърикIуэ «ЗЭТ» фирмэр лъэ быдэкIэ игъэуващ экологие и лъэныкъуэкIэ къабзэ продукцэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщIигъэкIыу. Абы и Iуэхур ефIакIуэ зэпыту зэрекIуэкIым и щыхьэтщ дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм къыщыхуагъэфэщауэ нобэ IуэхущIапIэм иIэ дыщэ, дыжьын, жэз медалхэр, щытхъу, фIыщIэ тхылъхэр.

Гупсысэкlэ куурэ IуэхущIафэ дахэрэ зиIэ Ерчэныр 1998 гъэм, а лъэхъэнэм КъБР-м и Президенту щыта КIуэкIуэ Валерий и унафэкIэ, Аруан районым и Iэтащхьэу ягъэуващ. ЖыпIэнурамэ, илъэсищым кърикIуэ зэхъуэкIыныгъэфIхэр къыщыхъуащ куейм, промышленностым зиужьащ, а IэнатIэм улахуэмкIэ щызэтрихьа щIыхуэхэр япшыныжащ, мэкъумэшыр зэтеувэжащ.

Аруан районым и администрацэм и Iэтащхьэ къулыкъум щыпэрытым абы хузэфIэкIащ куейм и псэукIэр иригъэфIэкIуэн, Нарткъалэ зэIузэпэщ ищIын.

Апхуэдэ егугъуныгъэрэ ерыщагъырэ зыдалъэгъуа Тембулэт 2002 гъэм ерыскъыпхъэ промышленностымкIэ министру ягъэув. А IэнатIэм пэрытыху абы зэфIигъэкIа лэжьыгъэм и инагъыр къыпхуэмылъытэным хуэдизщ. Абы и нэIэ щIэта предприятэхэм продукцэу къыщIагъэкIыр процентий 115 - 120-м нэс дэуеят.

КъызыхэкIа лъэпкъым хуэфащэ, зыхэпсэукI зэманым декIу цIыху гъуэзэджэ, IэщIагъэлI къызэрымыкIуэ Ерчэн Тембулэт 2007 гъэм КъБР-м и Президентым къыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министру ягъэуващи, а IэнатIэми зэрыхуэIэижьыр и лэжьыгъэкIи егъэлъагъуэ.

**ЦЕКЪУЭ Нурбий.**

# Куэдым хунос

***Техникэ щIэныгъэхэм я кандидат, философие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Социальнэ КъызэгъэпэщыныгъэмкIэ Урысей академием, КадрхэмкIэ Дунейпсо академием я академик Хъурей Феликс Ахьмэд и къуэр 1994 гъэм езым къызэIуиха БизнесымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и ректорщ.***

***Ар 1938 гъэм Налшык къалэ къыщалъхуащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ Москва щызригъэгъуэтри, 1966 гъэм техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат лэжьыгъэри пхигъэкIащ.***


Хъурей Феликс.

ЗРИГЪЭГЪУЭТА IэщIагъэм илъэс 40-кIэ ирилэжьащ Феликс, ТПО-м и унафэщIу, 1968 гъэм щегъэжьауэ «Къэббалъкъавтотранс» ОАО-м и Iэтащхьэу щытащ. Иужьрейуэ зыпэрыта къулыкъум социальнэ Iуэху куэд ипэкIэ щигъэкIуэтащ Хъурейм. Проектхэр езым ягъэпсыжурэ, унэ пщIы бжыгъэхэр ящIащ; я нэIэ щIэт поликлиникэр медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщащ; пансионатхэр, сабий IуэхущIапIэхэр къызэIуахащ.

Иджыри къыздэсым Феликс иригъэкIуэкI лэжьыгъэм унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу хэлъыр цIыхур зэпIэзэрыту, щIэныгъэм хуэпабгъэу, и IэщIагъэкIэ лъагапIэм щIэхъуэпсу гъэсэнырщ.

«Къэббалъкъавтотрансым» епхауэ абы къызэригъэпэщауэ щытащ кадрхэр щагъэхьэзыр, щIэныгъэм щыхагъахъуэ «УправленэмкIэ школ», «Катарсис» клубыр. Абыхэм щрагъаджэрт Москва, Санкт-Петербург къалэхэм, Эстонием къикIа егъэджакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм.

1991 гъэм Хъурейм езым зэхилъхьа программэм ипкъ иткIэ, «Къэббалъкътрансым» и нэIэ щIэту абы къызэIуихащ «Автор университет» егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IуэхущIапIэр. Абы хыхьащ «Насып» сабий гъэсапIэ-пэщIэдзэ еджапIэр, «Лэгъупыкъу» гимназиер, ГъуазджэмкIэ езанэ сабий школыр, щэнхабзэ щIэинхэм я школыр, ныбжьыщIэхэм я республикэ школыр, политехникэ лицейр.

А псом къищынэмыщIа-уэ, Феликс и фIыщIэ хэлъщ «Бжьамий» ансамблыр, Абыдэ зэкъуэшхэм хореографиемкIэ я ансамблыр, «Ашэмэз» ансамблыр къызэрызэрагъэпэщам, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым и унэр зэраухуам, сабий зыгъэпсэхупIэхэр, пансионатхэр къызэрызэIуахам, нэгъуэщIхэми. Хъурейм и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхылъ зыбжанэ.

Республикэм и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэр гулъытэншэу къэнакъым, абы къыхуагъэфэщащ «Лэжьыгъэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» медалыр, «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр, Лъэпкъхэм я Зэныбжьэгъугъэ орденыр. Феликс тIэунейрэ къыфIащащ «УФ-м цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и отличник» цIэ лъапIэр, апхуэдэуи «СССР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и отличник», «УФ-м транспортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэхэр къыхуагъэфэщащ. 1986 гъэм щегъэжьауэ 1993 гъэ хъуху Хъурейр КъБР-м и Парламентым и депутату щытащ, 1990 - 1993 илъэсхэм УФ-м и Совет Нэхъыщхьэм хэтащ.

**БЕТЫГЪУЭН Iэуес.**

Адыгэр цIыху хахуэщ, щхьэмыгъазэщ, ауэ къанлыкъым икIи гущIэгъуншэкъым: ирамыхулIауэ лъы игъэжэнукъым, ирахулIэрэ зэуэн хуей хъумэ, зыпикIуэтын щыIэкъым.

ЛАПИНСКИЙ Теофил,

*Польшэм щыщ щIэныгъэлI, зауэлI. 1857 гъэ*

# Бгырыпх фIыцIэ

*«Мустанг» фирмэм и унафэщI, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, хамэ щIыналъэхэм къыщацIыху хьэрычэтыщIэ, псапэ щIэным зи гур хузэIуха цIыхущ Джатэ Тимур.*


Джатэ Тимур.

КЪАРМЭХЬЭБЛЭ адыгэ къуажэжьым къыщыхъуа щIалэр и сабиигъуэм щегъэжьауэ спортым дихьэхыу щытащ икIи каратэм ерыщу зыхуигъасэу щIидзащ. Илъэс 12-кIэ каратэм хэта щIалэм ехъулIэныгъэ зыIэригъэхьащ - республикэм япэ дыдэу бгырыпх фIыцIэ къыщызыхьахэм ящыщ хъуащ. Абы къыкIэлъыкIуа спорт зэхьэзэхуэхэри гъэщIэгъуэну екIуэкIащ.

А псори игу къинащ нобэ зи Iуэху жыджэру дэзыгъэкI хьэрычэтыщIэм. Иджы ар ядоIэпыкъу спортымкIэ, щэнхабзэмкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм хэтыну ежьэ гупхэм. «Хуабжьу сфIэфIщ ныбжьыщIэхэр зэхьэзэхуэхэм, фестивалхэм сшэну, щыкIуэкIэ садоIэпыкъу. Лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIа сабийхэр зэрыцIыхун, зэрыщIэн, нэхъыбэрэ зэпсэлъэн хуейщ, апхуэдэ щIыкIэкIэщ адрейхэм я хабзэр, дуней тетыкIэр къызэрыпщIэр, аращ лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм лъабжьэ хуэхъури. ЕхъулIэныгъэхэр щызэIэрагъэхьэ апхуэдэ дуней зэрыщыIэр цIыкIухэм ебгъэлъагъумэ, абы ахэр хущIэкъу, лъагапIэщIэхэм я нэр къыхуикI хъунущ. Нэхъыщхьэр и чэзум ядэIэпыкъунырщ», - жеIэ Тимур.

2006 гъэм Джатэр КъБР-м и профессиональнэ боксым и федерацэм и тхьэмадэу хахащ, апхуэдэуи Ипщэ Федеральнэ округым боксымкIэ и федерацэм и вице-президентщ.

А IэнатIэхэм пэрыту боксымкIэ зэпеуэ зыбжанэ ди республикэм къыщызэригъэпэщащ абы.

2006 гъэм абы къыхуагъэфэщащ ТворчествэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ академием и «Дыщэ Пегас» саугъэт нэхъыщхьэр.

- Узыхуей псори зэбгъэхъулIауэ къыщIэкIынщ, Тимур? - упщIэм и жэуапым гур хегъахъуэ:

- Хьэуэ, - щIогуфIыкI Джатэр. - ДяпэкIэщ нэхъыбэжым иужь сыщихьэнур!

**ГЪУКIАКЪУЭ Инал.**


Налшык щIымахуэми дахэ дыдэ мэхъу. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*


**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ**

# ХъуэкIуэн зэадэзэкъуэхэр

***Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и профессор ХъуэкIуэн Хьэзрэталий Беслъэн и къуэр Урысей псом и щIэныгъэ утыкум къызэрыщацIыхур физикэ, нано-системэ унэтIыныгъэхэм щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ хэлъхьэныгъэ купщIафIэхэр хуэзыщIа щIэныгъэлIыущ, егъэджакIуэущ.***

ХЪУЭКIУЭНЫР 1932 гъэм накъыгъэм и 18-м Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Дзэлыкъуэдэс къуажэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутым и физико-математикэ къудамэр къиухащ. 1959 гъэм и кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIащ, 1975-м щIэныгъэхэм я доктор хъуащ.

КъБКъУ-р къызэрызэIуахрэ щолажьэ Хьэзрэталий: егъэджакIуэу, доценту, профессору, кафедрэм и унафэщIу, физико-математикэ факультетым и декану. Межфазнэ къэхъугъэхэмкIэ физикэм и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институту КъБКъУ-м щыIэм и унафэщIщ. Егъэджэныгъэм IэмалыщIэхэр хэлъхьэным сытым дежи хущIокъу Хьэзрэталий, абы и чэнджэщхэр къыщагъэсэбэп еджапIэ нэхъыщхьэ куэдым.

ХъуэкIуэн Хьэзрэталий УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ, ИнформатизацэмкIэ Дунейпсо Академием, ЩIДАА-м, ЩIэныгъэхэмрэ гъуазджэмкIэ Петровскэ академием хэтщ, Таганрог къэрал радиотехникэ университетым щIыхь зиIэ и профессорщ. Задумкин Сергей и цIэр зэрихьэу Налшык дэт, физикхэм я школым и унафэщIщ. Хьэзрэталий игъэхьэзыращ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктору 5-рэ кандидату 27-рэ.

ЩIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIхэм ящыщщ ХъуэкIуэн Хьэзрэталий и къуэхэу физико-математикэ щIэныгъэхэм я докторхэу, профессорхэу Муратрэ Азэмэтрэ.

ХъуэкIуэн Мурат ЩIДАА-м, ЩIэныгъэхэмкIэ Нью-Йорк щыIэ академием я академикщ. Ар 1958 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м Налшык къыщалъхуащ. ФIы дыдэу КъБКъУ-р къиухри, Москва къэрал университетым и аспирантурэм щеджащ, и кандидат лэжьыгъэри абы щыпхигъэкIащ. КъБКъУ-м лэжьэн щыщIидза нэужь, къулыкъу зэхуэмыдэхэм пэрытащ, иджыпсту теоретическэ физикэмкIэ кафедрэм и унафэщIщ. Илъэс 15 и пэкIэ и доктор диссертацэр пхигъэкIащ.


ХъуэкIуэн Хьэзрэталий

1988 - 1990 гъэхэм Орхус (Дание) университетым, 2000 - 2001 гъэхэм Гакугей (Токио) университетым щригъэджащ.

Мурат и щIэныгъэ лэжьыгъэхэр УФ-ми хамэ къэралхэми къыщацIыху икIи къыщагъэсэбэп, апхуэдэуи Европэм, США-м, Данием щыIэ щIэныгъэ центрхэм ядолажьэ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ лэжьыгъи 100-м щIигъу, ахэр къытрадзэ урысей, хамэ къэрал журналхэм.

Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Хьэзрэталий и къуэ нэхъыщIэ Азэмэти (1960 гъэм къалъхуащ) КъБКъУ-м щеджа нэужь, МКъУ-м физикэмкIэ и факультетым и аспирантурэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ икIи 1988 гъэм кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIащ. Абы къыкIэлъыкIуащ доктор цIэр къызэрыфIащар икIи ЩIэныгъэхэмкIэ Нью-Йорк академием хагъэхьащ.

ХъуэкIуэн Азэмэт Орхус университетым зы илъэскIэ щылажьэри, къыщалъхуа щIыналъэм къигъэзэжауэ 1987 гъэ лъандэрэ КъБКъУ-м щрегъаджэ, абы итхащ ди къэралым, хамэ щIыпIэхэм къыщыдэкI академическэ журналхэм къытрадза щIэныгъэ лэжьыгъэу 80-м щIигъу.

**ХУЖЬОКЪУЭ *Мирэ.***


Мурат


Азэмэт

***1959 гъэм Малкэ (Ашэбей) дэт курыт еджапIэр къыщиухам, МэкIэтIей Абдулыхь зыхуеджэну унэтIыныгъэр къыхихакIэт. Химие щIэныгъэрат зытриухуар. АрщхьэкIэ, узэригугъэм хуэдэу къыщIэкIрэ, Менделеевым и цIэр зэрихьэу Москва дэт химико-технологие институтым щIэтIысхьэну и мурадами, къыщыщIидзар КъБКъУ-м агрономиемкIэ и къудамэрщ - и бынхэм я нэхъыщIэ щIалэр Москва иутIыпщакъым анэм.***



# Лъабжьэ

АПХУЭДИЗУ щIэныгъэм зи гур хуэпабгъэ щIалэм илъэсым къриубыдэу и анэр къытригъэхьащ къалащхьэм кIуэуэ щеджэну. ЗэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр ехъулIэныгъэкIэ итри, химиемкIэ институтым щIэхуащ.

1965 гъэм ар къиухри, кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIащ. Илъэс 30-м щIигъуа къудейт Абдулыхь химие щIэныгъэхэм я доктор щыхъуам.

Илъэс 32-м щIигъуауэ профессорщ МэкIэтIейр. Естественнэ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием, ТворчествэмкIэ Дунейпсо Академием, ЩIДАА-м я академикщ, Технологхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и президентщ. Ар УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ.

Химиемрэ физикэмкIэ Абдулыхь иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр къыщигъэлъэгъуэжащ абы и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ, монографие, доклад 400-м щIигъум, апхуэдэуи СССР-ми, Урысей Федерацэми, хамэ къэралхэми щекIуэкIа конференцхэм, симпозиумхэм утыку къыщрихьащ.

МэкIэтIейм и еджакIуэу щытахэр - иджы щIэныгъэхэм я кандидат, доктор хъуахэр - щымылажьэ еджапIэ нэхъыщхьэ, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт щыгъуэтыгъуейщ гъунэгъу щIыналъэхэм, уеблэмэ нэгъуэщI къэрал жыжьэхэми.

ГъащIэм ещхьщ щIэныгъэр - ар къызэтеувыIэркъым, щIэ гуэр къелъыхъуэри, цIыхум и гупсысэр иджыри здынэмыса къехутэри. Абдулыхьрэ иригъэджауэ нобэ къыбгъурыувэжахэмрэ зэдолажьэ, сыт щыгъуи щIэ гуэр къызэдалъыхъуэу.

Зи гугъу тщIы щIэныгъэлIыр зэфIэкI мащIэмкIэ арэзы хъу цIыхукъым. ЩIэныгъэ, егъэджэныгъэ, политикэ унэтIыныгъэхэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэригъэхьэу хэтащ ар - РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутату, УФ-м и Совет Нэхъыщхьэм щIэныгъэхэмкIэ и подкомитетым и унафэщIу щытащ, иужькIэ УФ-м и Президентым и Администрацэм жэуаплыныгъэ зыпылъ лэжьыгъэ и пщэ къыщыдалъхьащ.

Нобэ ар щIэныгъэлI цIэрыIуэщ, егъэджакIуэ псэемыблэжщ, жылагъуэ лэжьакIуэ щэджащэщ.

**КЪЭХЪУН Дисэ.**

**Шэрджэсхэм я Матархъэр (Тмутаракань) жыг, жызум хадэхэм щIагъанэ къалэ щIэращIэщ, гъавэщIапIэ хьэсэхэм къаухъуреихьауэ. А къалэм жармыкIэхэр щIэх-щIэхыурэ щызэхохьэ, абыхэм къроxьэлIэ жыжьэ къикI сатуущIэхэри.**

ЭДРИСИ.


ЛъэпкЪ гуфIэгъуэ.
*Сурэтыр* БАШКОВ Виктор *ищIащ.*

**Сыт хуэдиз къытхуищIа дэ фэрэкIыр япэ дыдэ зыхэзылъхьа шэрджэс бзылъхугъэм! Сыт хуэдиз сабий ажалым къела абы и фIыгъэкIэ! ЦIыхум апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ хуэзыщIэфа къэхъуакъым, аращ абы фIыщIэ щIыхуэфащэр.**

ГЕЛЬВЕЦИЙ К.

Номер 70 зэхэт

**ТХЬЭРКЪУАХЪУЭ Налбий,** *Куэшхьэблэ район администрацэм и Iэтащхьэ*

# Зыужьыныгъэм и гъуэгу



***Иужьрей илъэсхэм Куэшхьэблэ районым зыужьыныгъэфI игъуэтащ. Абы продукцэу къыщалэжьымрэ социальнэ IэнатIэм щызэфIах Iуэхугъуэхэмрэ щапхъэ яхуохъу ди республикэм и адрей щIыпIэхэм. Мы куейр япэ итщ къэрал бюджетым мылъку хэлъхьэнымкIи, IэнатIэщIэхэр къызэIухынымкIи, лэжьапщIэм хэгъэхъуэнымкIи.***

ИЛЪЭС блэкIар къапщтэмэ, районым и мэкъумэшыщIэхэми ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьащ: абыхэм гъавэу тонн мин 82-рэ кърахьэлIащ. Апхуэдэ гъавэ бэв Лабэ Iуфэ Iусхэм зэрамылъагъурэ илъэс 20-м нэсащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, а текIуэныгъэр езыр-езыру къэкIуакъым. Абы и щIыбагъ къыдэлъщ гектар 33-рэ хъу гъавэ щIапIэм мэкъумэшыщIэ гуащIафIэхэм щызэфIаха лэжьыгъэшхуэр.

УФ-м и Президентым къыхилъхьа лъэпкъ проектхэм къыщыгъэлъэгъуа унэтIыныгъэхэр ди зыужьыныгъэм и джэлэсщ. Къапщтэмэ, мэкъумэш IэнатIэр къэIэтыжыным хуэгъэпса проектым ипкъ иткIэ, мэкъумэшыщIэ куэдым къэралым щIыхуэ къыIахащ, я уней хозяйствэхэм зрагъэужьын папщIэ. КъыIаха къудейм къыщымынэу, дэ ди нэгу щIокI а кредитхэр унагъуэхэм къызэрагъэсэбэп щIыкIэр икIи абы арэзы дыкъэщI. Апхуэдэ къэрал дэIэпыкъуныгъэм мэкъумэш IэнатIэр ди куейм къыщеIэтыж, ягъэхъу Iэщ бжыгъэм куэд къызэрыхэхъуэжынур, бгынэжауэ щыта гъавэ щIапIэхэр, фермэхэр аргуэру къызэрыщIэрэщIэжынур уи фIэщ ещI. Нэхъыщхьэращи, зи къару илъыгъуэ цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэща, къуажэдэсхэм я псэукIэр зэIузэпэщ мэхъу.

Дызэрыгушхуэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ къуажэдэс егъэджакIуэхэм, дохутырхэм, агрономхэм я Iуэху ефIакIуэ зэпыту зэрыщытри. Ди сымаджэщхэм «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» автомобилу 2 щIэуэ къаIэрыхьащ. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ екIуэкIа урысейпсо зэхьэзэхуэм Куэшхьэблэ районым и школхэр хэтащ икIи 2-р абы щытекIуэри зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэр - сом мелуан зырызыр - кърагащ. Куейм щыпсэухэм ящыщу цIыху 42-м псэупIэ зэраухуэн субсидие нэгъабэ къэралым къыIахати, абыхэм я зэхуэдитIыр зи гугъу сщIы IэнатIэхэм пэрытхэрщ. Дызэрыхьа илъэсым къриубыдэу къуажэхэм щылажьэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэу 40-м щIигъум псэупIэ яухуэнымкIэ щIэгъэкъуэн дахуэхъуну ди мурадщ.

Зеужь, йофIакIуэ ди щIыпIэр. «Кубань-2007» фIэщыгъэцIэр зиIэу нэгъабэ екIуэкIа щIыналъэпсо зэпеуэм ди куейр япэу хэтащ, и зэфIэкIхэр игъэлъагъуэу. Зэхыхьэм ехъулIэныгъэ дызэрыщиIам и щыхьэтщ инвестори 4-м зэгурыIуэныгъэ зэхуэмыдэхэр етщIылIауэ ди лъахэм къызэрыдгъэзэжар. ХьэрычэтыщIэхэм я гугъэщ ди куейм, щIым къыщIах хъугъуэфIыгъуэхэм, нэгъуэщIхэми щелэжь IуэхущIапIэхэр, узыншагъэм щыкIэлъагъэплъ, щрагъэфIакIуэ санаторэхэр щаухуэну. Апхуэдэу инвесторхэм я мылъкур халъхьэнущ гъуэгуIуфэ сервисым. Абыхэм къызэрагъэпэщынущ шхапIэ цIыкIухэр, гъуэгурыкIуэр зыхуэныкъуэ нэгъуэщI Iуэхутхьэбзэхэри зэфIэха щыхъун IэнатIэхэр.

# Псалъэ шэрыуэ

***Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым, Журналистхэм я союзым хэт Бейтыгъуэн Сэфарбий Нэхьмэн и къуэр щIэныгъэ, творческэ лэжьыгъэм жыджэру пэрыт тхакIуэщ, философщ, тхыдэджщ.***

***Ар 1942 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Къармэхьэблэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къызэриухыу IэнатIэ пэрыува щIалэр, зэрылажьэм хуэдэурэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым тхыдэмрэ филологиемкIэ и факультетым щIотIысхьэ. И щIэныгъэмрэ бгъэдэлъ зэфIэкIымрэ къалъытэри, 1966 гъэм Сэфарбий я къуажэ курыт еджапIэм тхыдэмкIэ егъэджакIуэу ягъакIуэ икIи школ унафэщIым и къуэдзэу ягъэув.***

АБДЕЖ щегъэжьауэ Бейтыгъуэныр жэуаплыныгъэ зыпылъ IэнатIэ куэдым пэрытащ: партым и Дзэлыкъуэ райкомым политеджэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэм и Iэтащхьэу, Налшык къалэм и парт комитетым идеологиемкIэ и къудамэм и инструктору, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и редактору, КъБР-м и Архив службэм и и унафэщIу щытащ.

Сэфарбий и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхылъхэр, щIэныгъэ, критикэ статьяхэр. Ар ди литературэм щIэ хэзылъхьэфа тхакIуэщ. Сэфарбий и фIыгъэкIэ зиужьащ жыIэгъуэ жанрым.

Сыт хуэдэ пщIэ, сыт хуэдэ купщIэ яIэ Сэфарбий и афоризмхэм? А упщIэм и жэуапу къэбгъэлъагъуэ хъунущ тхакIуэ, щIэныгъэлI Нало Заур жиIахэр: «Бейтыгъуэным и псалъэ шэрыуэхэр я зэхэлъыкIэкIи я гупсысэкIэкIи къуэпсыбэщ. Абыхэм яхэтщ акъыл жан зыщIэлъ, зэпIэзэрыту къыжаIахэр, бзитIщхьитIхэмрэ Iужажэхэмрэ ящыдыхьэшхыхэр, гуапагъэмрэ псэ къабзагъэмрэ я щIыхьыр лъагэу зыIэтхэр, зи



цIыхугъэр мылъкукIэ зыхъуэжхэм яхуэгъэзахэр. А псом я къалэныр зыкIэ зэтохуэ: гупсысэ куурэ акъылышхуэрэ ящIэлъщ, гъащIэм и къэхъугъэ псоми поджэж. Хьилмышхуэ зыбгъэдэлъ цIыху псэ къабзэм ахэр зэриIэужьыр гурыIуэгъуэщ.

Лъэпкъым и цIыхушхуэхэу Къэзанокъуэ Жэбагъырэ ПащIэ Бэчмырзэрэ я IуэхущIафэм Бейтыгъуэным пищэну хущIокъу. Абыхэм иракъуухь щхьэхуещэхэр, гъэпцIакIуэхэр, къузгъунхэр, щхьэщытхъухэр, дыгъуэгъуакIуэхэр, акъылыншэхэр».

**ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер,** *Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ.*

**Лъэпкъ дахэкIэ уеджэ хъунущ шэрджэсхэм. Ахэр екIу защIэщ, уардэщ, я цIыхухъухэр Iэчлъэчщ, къамылыфэхэщ, нэмысыфIэхэщ, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж цIыхухэщ.**

КЛАПРОТ Генрих-Юлиус, *нэмыцэ академик-ориенталист. 1807 гъэ*




**«ИгъащIэкIэ Урысейм дригъусэщ» мыпхуэдэ фэеплъ екIу Мейкъуапэ 1957 гъэм щагъэуващ.**

# ЩIэджыкIакIуэхэр дахьэх

***Ди лъэпкъ литературэм зегъэужьынымкIэ куэд ялэжьащ адыгэ тхыдэджхэм, тхакIуэхэм, усакIуэхэм. Ди зэманым мы IэнатIэм хуэлажьэхэм яхэтщ ди республикэм щыщ тхакIуэ, усакIуэ зэчиифIэ цIэрыIуэхэр. Абыхэм я IэрыкIхэр Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм я журналхэм, газетхэм щIэх-щIэхыурэ къытрадзэ, тхылъ щхьэхуэуи къыдагъэкI.***

**●ТхылъыщIэхэр**

АПХУЭДЭХЭМ ящыщщ 2007 гъэм тхылъыщIэ къыдэзыгъэкIа адыгэ тхакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат, Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и журналист Брат Хьэсин. **“Адыгэхэм я къуалэбзэу щIэныгъэр” зыфIища тхылъ гъуэзэджэм** Хьэсин Iэзагъэшхуэ хэлъу, убгъуауэ къыщигъэлъэгъуащ бзу зэмылIэужьыгъуэ куэдым адыгэхэр зэреджэр. Тхылъым къуалэбзухэм я сурэт куэди итщ, языныкъуэхэм я Iэпкъ-лъэпкъыр зэрызэхэтыр Братым схемэкIэ къегъэлъагъуэ. КъинэмыщIауэ, тхылъыр Iыхьэ-Iыхьэу гуэшауэ щытщи, апхуэдэ гъэпсыкIэм ар нэхъ гурыIуэгъуэ, еджэгъуафIэ ещI.

Игъуэ нэмысу дунейм ехыжа, адыгэ лъэпкъым къыхэкIа цIыху цIэрыIуэхэм ящыщщ Дер Станислав. Абы теухуа тхылъыр нэгъабэ къыдэкIащ. **“Памятник первопроходцу” зыфIаща сборникым** щызэхуэхьэсащ Станислав и анэм, къыдалъхуахэм, и ныбжьэгъуахэм, лэжьэгъуахэм, къэзыцIыхуу щытахэм я гукъэкIыжхэр. Тхылъыр къыдэкIыным зи гуащIэ хэзылъхьа, КъШР-м и антимонопольнэ IуэхущIапIэм и унафэщI Уракъшы Iэмин Станислав и хьэл-щэным, и дуней тетыкIам, и IуэхущIафэхэм ехьэлIауэ щIэджыкIакIуэхэм куэд къаригъэщIащ. Шэч хэлъкъым а тхылъыр Дер Станислав и фэеплъ дахэу цIыхубэм куэдрэ зэрызэрахьэнум.

ЩIэджыкIакIуэхэм хьэлэмэт къащыхъуащ Iэзагъэшхуэ хэлъу адыгэбзэр къэзыгъэсэбэпа, УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэт **Туаршы Аслъэн и “Псыкъелъэм и макъамэхэр” зыфIища тхылъыр.** Адыгэ лъэпкъым и къекIуэкIыкIам удезыгъэхьэх тхыгъэр курыт школхэм зэрыщаджыным хуэунэтIауэ гъэпсащ.

Зи гугъу тщIа тхылъхэм хуэдэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ лъэпкъым и зэхэщIыкIыр, щэнхабзэр, литературэр япэкIэ гъэкIуэтэнымкIи, ди тхакIуэхэм, усакIуэхэм нэхъыбэж яхузэфIэкIыну ди гуапэщ.

**ШЫКУЭ Дисэ.**

# Лийм и дыщэ Іэпэхэр



***Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, академик Лий Адылджэрий Iэмырбий и къуэр дуней псом цIэрыIуэ щыхъуащ и IэзэкIэмкIэ. Тхьэм къыбгъэдилъхьа къарур, псэемыблэжу лэжьыгъэм зэрыпэрытыр, цIыхухэм ядэIэпыкъуным сыт щыгъуи зэрыхущIэкъур къэплъытэмэ, гъэщIэгъуэнкъым нобэ абы иIэ ехъулIэныгъэхэр.***

НЕВРОЛОГИЕМКIЭ, мануальнэ терапиемкIэ, социальнэ гигиенэмкIэ, узыншагъэр хъумэныр къызэгъэпэщынымкIэ категорие нэхъыщхьэ зиIэ дохутырщ Лийр. Ар адрей IэщIагъэлIхэм къащхьэщызыгъэкIыр дапщэщи лъагапIэщIэхэм зэрыхущIэкъурщ. Ар и зэчиймкIэ ядогуашэ и еджакIуэхэм. Адылджэрий зи унафэщI кафедрэм щеджа куэд Урысейм щыпашэ дохутыр Iэзэ хъуащ.

«Сэ сыдохутырщ» фIищу абы къыдигъэкIа тхылъым игу къыщегъэкIыж IэщIагъэ хуэхъуам зэрыхуэкIуа щIыкIэр, а гъуэгур тыншу зэрыщымытар. ЩIэныгъэм хуэпабгъэ ныбжьыщIэр ахъшэншэу, лъэсу ежьат Армавир дэт медицинэ еджапIэм щIэтIысхьэну. Экзаменхэр щитым «Сыт дохутыр сыхъуну сыщIыхуейр?» темэмкIэ сочиненэ итхыну къылъысат. А тхыгъэм Адылджэрий къыщиIуэтэжащ и адэ сымаджэм мастэ хэзыIун дохутырыр гъунэгъу къуажэм кърищын хуей хъууэ куэдрэ зэрекIуэкIар. УцIыкIуу уи нэгу щIэкIар зэи гум ихужыркъым. И адэм и узыфэм еIэзэнырщ, цIыхухэм сэбэп яхуэхъунырщ абы къыхихари.

Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ Евро-Азие академием хэт, УФ-м и Методикэ-техническэ академием и академик, ИнформатизацэмкIэ Дунейпсо Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэт Лий Адылджэрий УФ-м, Дагъыстан Республикэм щIыхь зиIэ я дохутырщ, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ дохутырщ. Лийм и IэзэкIэр щагъэунэхуащ хамэ къэрал куэдми. Абы щIыхь тхылъ къыщыхуагъэфэщащ Инджылызым, Франджым, Китайм, Шри-Ланкам, США-м, Израилым.

**БЭЧЫЖЬ Лейлэ,**
*ЩIДАА-м и вице-президент, профессор. Черкесск къалэ.*

# Мухьэмэд сурэт ещI

***Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и сурэтыщI цIэрыIуэ Хьэгъундокъуэ Мухьэмэд и IэдакъэщIэкIхэм къагъэлъагъуэ къызыхэкIа лъэпкъым и псэукIэр, цIыхум, гъащIэм, дунейм хуиIэ еплъыкIэр. Хьэгъундокъуэм и творчествэм щыгъуазэ зыщыпщIкIэ, япэу уи нэгу къыщIэувэр шэрджэс лъэпкъым и псэкупсэ дунейм философие бгъэдыхьэкIэ къызэрыхуигъуэтырщ, блэкIамрэ нобэмрэ зэрызэпищIэфырщ.***



ПСОРИ зригъэщIэну щIэхъуэпс щIалэ цIыкIум и гупсысэр зэфIэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ яIауэ жыпIэ хъунущ и адэшхуэ Рэмэзан куэдрэ къыхуиIуэтэжу щыта хъыбархэм. Хьэгъундокъуэ уэркъ лъэпкъым къыхэкIа а дадэм жиIэжу щыташ Хьэгъундокъуэ нэхукIэ зэджэ шы лъэпкъыфIыр ягъэхъуу зэрыщытар, езыхэм я лъэпкъ дамыгъэ зэраIар. СурэтыщI хъуну щIэхъуэпс щIалэр, зэман жыжьэм къыпхыплъыфу апхуэдэ щIыкIэкIэ зригъэсащ икIи и IэдакъэщIэкIхэм лъабжьэ яхуэхъуащ шуудей екIумрэ шы щхьэмыгъазэмрэ я образыр.

Адыгэ шууейр философие образщ, фIым, беягъэм, дахагъэм я нэщэнэщ. Абы щыхьэт тохъуэ Мухьэмэд и «Шэрджэс шууей», «Истамбыл кIуэ гъуэгу», «Бгыхэр», «Бжьамий», «Анэшхуэм и Iэлъэщ I» сурэтхэр.

1989 гъэм щегъэжьауэ сурэтыщIым и IэдакъэщIэкIхэр утыку къыщрехьэ гъэлъэгъуэныгъэхэм. Йужьк Iэ езым и щхьэзакъуэ гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэригъэпэщу щIедзэ. Апхуэдэ зэIущIэхэм ящыщ зым щыIа нэужь, Бабаян Леонид къыхигъэщащ: «Мухьэмэд романтикщ, ар быдэу пыщIащ и унагъуэм, и лъэпкъым. «Си адэшхуэ», «Анэшхуэм и Iэлъэщ I» сурэтхэр апхуэдизкIэ гуапагъэрэ хуабагъэкIэ гъэнщIауэ щытщи, абы нэху къыпех, а нэхум дэ дыкъегъэхуабэ. Авторым лъэпкъым и тхыдэр кууу зыхещIэри, ар иджырей еплъыкIэкIэ къыдегъэлъагъу. Дэгъуэу зэхеухуанэ блэкIамрэ нобэрей гъащIэмрэ. Аращ абы и творчествэм темэ хуэхъури», - жеIэ Бабаян.

Живописым и сыт хуэдэ унэтIыныгъэр нэхъ къыхихми щеупщIым, сурэтыщIым жиIащ: «Сэ унэтIыныгъэ пыухыкIа гуэрым сриглъхьэкъым. КъызэрыслъытэмкIэ, дэтхэнэ зы цIыхури зыхэпсэукI зэманым декIужу щытыпхъэщ. Сыт хуэдэ лIэужьыгъуэ е къэIуэтэкIэ къыумыгъэсэбэпми, уи гъащIэ еплъыкIэм, абы и къэгъэлъэгъуэкIэм зихъуэжыркъым».

2007 гъэм Хьэгъундокъуэм къызэригъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм и IэдакъэщIэкI нэхъыфI дыдэхэр къыщызыкъуихащ: «Бжьыхьэ», «Анэм и сурэт», «Шэрджэсхэр щакIуэ щыIэщ», «Къуажэм и пщыхьэщхьэ». Тхыдэм теухуа темэми увыпIэшхуэ щеубыд сурэтыщIым и творчествэм.

Сурэт щIыным къыдэкIуэу тхылъхэм иллюстрацэ яхуэщIынми дехьэх Мухьэмэд. Псом хуэмыдэу абы фIэфIщ усакIуэхэм я тхылъхэм елэжьыну.

**УЭХЪУТЭ Мухьэмэд.**

Зауэм щыIухьэкIэ, шэрджэсым и Iэщэ-фащэ нэхъыфI дыдэмкIэ зызэщIеузадэ. И Iэщэрэ и фащэкIэ ар лъэпкъ куэдым къахощ, Азием дэнэ къэна, Европэми щыслъэгъуакъым шэрджэсым и Iэщэмрэ и фащэмрэ нэхъ дахэрэ нэхъ Iэрыхуэрэ.
ХЪАН-ДЖЭРИЙ СулътIан,
*адыгэ этнограф. 1838 гъэ.*

КОВАЛЕВ Евгений, *Мейкъуапэ куей администрацэм и Iэтащхьэ*

# Сочи Олимп Джэгухэм фIыкIэ дащогугъ

***Адыгэ Республикэм и зыужьыныгъэр куэдкIэ елъытащ Мейкъуапэ районым иIэ социально-экономикэ щытыкIэм. Ди щIыналъэм и Iыхьэ ныкъуэм нэс зыубыд ди куейр къулейщ щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмкIи, зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэмкIи, псом я щхьэращи, цIыхухэмкIи.***



МЕЙКЪУАПЭ районым и псэукIэр адэкIи езыгъэфIэкIуэну дызыщыгугъ Iуэхугъуэхэм ящыщщ 2014 гъэм Сочи щекIуэкIыну Олимпиадэр. «Къуэ быдэкIэ» зэджэ зыгъэпсэхупIэ цIэрыIуэм и ипщэ лъэныкъуэм лыжэкIэ къежэхыным зыщыхуэбгъасэ хъун гъуэгухэр, абы ехьэлIа нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм я ухуэныгъэхэр къехьэжьэныр тфIэигъуэщ, сыту жыпIэмэ ди дежкIэ къэгъэза ехыпIэр куэдкIэ адрейхэм йофIэкIри.

Къинэмыщ Iауэ, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, зи ухуэныгъэр щIадзэну Черкесск - Адлер федеральнэ гъуэгур Мейкъуапэ куейм и щIыналъэмкIэ кIуэцIрыкIынущ. А къалэшхуэхэр зэпызыщIэфыну гъуэгухэм ящыщу ар нэхъ кIэщI дыдэщ икIи мылъку нэхъ мащIэ зытекIуэдэнущ. Адыгейм и дежкIэ ар, жыпIэнурамэ, «гъащIэм и гъуэгущ». Республикэм иIэ зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм, курортхэм мылъкушхуэ къыхуалэжьынущ. Апхуэдэу туризмэм щIыналъэм хэпщIыкIыу зыщедгъэужьыну ди мурадщ. Абыи мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы хуэгъэпса хуэдэщ ди щIыналъэ телъыджэр, апхуэдиз щIыуэпс дахагърэ хъугъуэфIыгъуэкIэ гъэнщIар. Адыгейм и турист гъуэгу цIэрыIуэхэм, абыхэм егъэщIылIауэ щыIэ IуэхущIапIэхэм, хьэуа къабзэм дамыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым сыт хуэдэ цIыхури, уеблэмэ нэхъ къиин дыдэри.

Ди куейм и зыужьыныгъэм мылъку къыхалъхьэ инвестор зэхуэмыдэхэм. Абыхэм я фIыгъэкIэ Каменномост жылэм и Iэшэлъашэ «Хьэджэху» щIыпIэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр игъуэтынущ. Абы щыдухуэну турист IуэхущIапIэхэр хьэлэмэтыщэщ я архитектурэкIи, гъэзэщIа зэрыхъуну IэмалхэмкIи. Щэху псори наIуэ сщIыну сыхуейкъым, ауэ мыр къыхызогъэщ: ди гугъапIэхэр нахуапIэ тхуэщIмэ, ар телъыджэ ящыхъунущ ди щIыпIэм щыпсэухэми хамэ къэралхэм къикIыу дунейпсо зэхьэзэхуэм зыкърезыгъэхьэлIэнухэми.

Мейкъуапэ куейм и зыужьыныгъэм зи мылъку хэзылъхьэну зи мурад инвесторхэм папщIэ ди бжэхэр зэIухащ. Ди зэдэлэжьэкIэ хъунум и хабзэхэр къызэрыгуэкIщ: пэжагъ, жэуаплыныгъэ дяку дэлъу, къытхуагъэлъагъуэ социальнэ проектхэм лэжьапIэ IэнатIэхэр къытхузэрагъэпэщу, ди щIыуэпсым и къабзагъэр яхъумэу.



● Унафэщ**I**ым и псалъэ

**МАМИИКЪУЭ Ким,**
*Адыгейск къалэ администрацэм и Iэтащхьэ*

# Адыгэ къалэ

***Адыгейск къалэр къызэрыунэхурэ куэд щIакъым. Илъэс 38-рэ и пэкIэ, Краснодар псы хъумапIэр щаухуэм щыгъуэ, абы и Iэшэлъашэхэм щыIэ къутыр 13-м щыпсэу цIыхухэр къагъэIэпхъуауэ щытащ мыбы. Къалэм зиужьын папщIэ абы къыщызэрагъэпэщат лэжьапIэ IэнатIэу минитхум щIигъу, ауэ абы щыгъуэ зыми и фIэщ пхуэщIыну къыщIэкIынтэкъым Адыгейскым езым и промышленнострэ IэнатIэ ехьэжьахэмрэ иIэ хъуну.***

ИНВЕСТОРХЭМ дадэлэжьэн зэрыщIэддзэрэ куэд мыщIами, а унэтIыныгъэм фIыгъуэ куэд къытхуихьащ. Краснодар къалэмрэ къэрал гъуэгушхуэхэмрэ зэрытпэмыжыжьэр къэдгъэсэбэпурэ, ди деж къыдогъэблагъэ хьэрычэтIыщIэ жыджэрхэр. Адыгейскым и бюджетыр куэд дыди хъуркъым: сом мелуани 120-рэщ, ауэ абы и Iыхьэ ханэр дэ къэдгъэхьэрычэт мылъкуу зэрыщытри къыхэзгъэщыну сфIэигъуэщ. Къапщтэмэ, хэхъуэ хъарзынэ къыпокIуэ гъуэгу Iуфэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм. Аращ гъуэгу гъунэхэм бэзэрхэр, АЗС-хэр, шхапIэ цIыкIухэр, тыкуэнхэр нэхъыбэу щIыщыдухуэр. Иджыпстуи ди апхуэдэ IуэхущIапIэ куэд щолажьэ тенджыз ФIыцIэм ухуэзышэу Адыгейск кIуэцIрыкI автомобиль гъуэгушхуэм. Илъэсым хуэзэу ди щIыпIэмкIэ блокI зыгъэпсэхуакIуэ, нэгузегъэужьакIуэ кIуэ цIыху минищэхэр. Си гуапэу жызоIэ: иджыблагъэ къалэ кIуэцIым щIакхъуэ гъэжьапIищ къыщызэIутхащ. Абыхэм я щIакхъуэхэкIхэр и чэзум яIэрохьэ къалэдэсхэм. Апхуэдэуи «Горячий ключ» курорт цIэрыIуэм зэгурыIуэныгъэ етщIылIауэ, загъэпсэхуну, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэну абы къекIуалIэхэми фIагъ лъагэ зиIэ, къэуат зыщIэлъ а ерыскъыр яхудошэ.

Гугъэшхуэхэр идопх зи ухуэныгъэр зэфIэкI элеваторым. Мы IуэхущIапIэр ди деж щыгъэлэжьэным Омск щыщ инвесторхэм доллар мелуан 20 къыхалъхьэну хьэзырщ. Вологдэ щыщ IэщIагъэлIхэм къызэрыджаIэмкIэ, абыхэм ди къалэм щаухуэну я мурадщ пхъэм щелэжь комбинатышхуэ. А проектым долэжь - мы зэманым ар щаухуэну щIы Iыхьэр дубзыхуащ. Абы хухэтхащ гъущI гъуэгум и бгъумкIэ къыщылъ щIы гектари 10.

Адыгейскыр апхуэдэу япыщIащ хамэ къэрал щыIэ Iуэхузехьэхэми. Иджыблагъэ ди къалэм щыхьэщIащ Тыркум къикIа хьэрычэтыщIэ гуп. Абыхэм я мурадщ ди щIыпIэм машинэ щызэпкъралъхьэ завод щаухуэну икIи къытхуагъэлъагъуа проектыр экологие къэпщытэныгъэхэм кIуэцIрыкIащ. Венгрие хьэрычэтыщIэхэми дадолажьэ. Абыхэм зыгъэпсэхупIэ жылагъуэ цIыкIу ди щIыпIэм щаухуэну къыхалъхьащи, а проектыр еврэ мелуани 5 и уасэщ.

Апхуэдэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэр зэфIэхыным жыджэру яужь дитщ. Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ «2008 - 2012 гъэхэм Адыгейск къалэм и социально-экономикэ щытыкIэм зегъэужьын» программэ хэхар Адыгейм и Парламентым и депутатхэм къызэращтам. «Урысейм и Ипщэ щIыналъэхэр» федеральнэ программэм хагъэхьащ къалэм и социальнэ объект зыбжани.

Къапщтэмэ, зи гугъу тщIы лэжьыгъэхэм ящыщ дэтхэнэри ди къалэм и зэIузэпэщыгъэр езыгъэфIэкIуэну, къалэдэсхэм я псэукIэр нэхъыфI зыщIыну Iэмалхэм ящыщщ. Абыхэм къэкIуэнум фIыкIэ дыхуагъэаплъэ.

Шэрджэсхэм ди нэгу къыщIагъэхьэж Германиемрэ Франджымрэ я япэ королхэм я лъэхъэнэр. Курыт лIэщIыгъуэхэм псэуа лIыхъужьхэмрэ пасэрей алыдж лIакъуэлIэшхэмрэ я щапхъэщ нобэрей шэрджэсхэр.

ДЮБУА де Монпере Фредерик,
*Швейцарием щыщ геолог, археолог.*
*1833 гъэ.*



**Номер 70 зэхэт**

# Апхуэдэщ Вэрокъуэр



***Тхьэр зэчийкIэ зыхуэупсахэм ящыщщ Вэрокъуэ Владимир Хъалид и къуэр. Абы и цIэр зэхэзымыха, и тхыгъэхэм щымыгъуазэ ди лъахэм ущрихьэлIэнкъым. Илъэс куэд хъуауэ ар ди щэнхабзэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щолажьэ, щолажьэ и Iэпэм къыщIэкIыр дахэу, щIэщыгъуэу, философие гупсысэ куукIэ гъэнщIауэ.***

ДИ ТЕЛЕВИДЕНЭМ зиужьыным куэд хилъхьащ, кинофильм техыным и зэхэублакIуэ, лъабжьэгъэтIылъ ди деж щыхъуащ Вэрокъуэр жыпIэмэ, ущыуэнукъым. КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ, ди республикэр Урысейм, нэгъуэщI къэралхэм хэIущIыIу щыщIыныр и пщэ дилъхьэжри, абы и лъахэр игъэлъэпIащ.

Кинорежиссер, продюсер, тхакIуэ, журналист, жылагъуэ лэжьакIуэ, унафэщI… А псори зы цIыхущ зэхьэлIар - Вэрокъуэ Владимирщ. Ар зыбгъэдэт дэтхэнэ IэнатIэми ехъулIэныгъэ щымащIэкъым. Абы и фильмхэм илъэс 40 хъуауэ дуней псор щыгъуазэщ, и къалэмыпэм къыщIэкIхэми щIэджыкIакIуэхэр дахьэх.

Вэрокъуэ Владимир 1936 гъэм Налшык къалэ къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ужькIэ кинорежиссер курсхэр къиухыжащ.

Владимир хэтщ Урысейм и Кинематографистхэм, Журналистхэм я союзхэм, Кавказ Ищхъэрэм и Кинематографистхэм я союзым и секретарщ; КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэщахэм ящыщщ; УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ; Адыгэ Республикэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ; «Урысейм и менеджер нэхъыфI» саугъэтыр, Зэныбжьэгъугъэм и орденыр, медалхэр иIэщ.

Вэрокъуэ Владимир КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым, КъБР-м и Кинематографистхэм я союзым, «Налшык» НОТР-м я унафэщIщ.

Владимир зэхилъхьауэ, режиссеру трихыжауэ фильми 100-м щIигъу иIэщ. Абы и лэжьыгъэхэм щыщ щагъэлъагъуэ ТВ-м и центральнэ каналхэм, нэгъуэщI къэралхэм я телевиденэхэм. Владимир и Iэдакъэ къыщIэкIащ: «Поэзия красного цвета», «Обыкновенное человеческое мужество», «Антенны памяти», «Цветные сны», «Лица кавказской национальности», публицистикэ тхылъхэр, «Прощающие да простят» романыр, нэгъуэщIхэри.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# КъэфакIуэхэр утыку йохьэ

● **Щэнхабзэ**

***«Меркурий» къэрал къэфакIуэ гупыр зымыцIыхурэ абы и къафэ телъыджэхэм щымыгъуазэрэ ди Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм исуу къыщIэкIынкъым. Ар лъэпкъ щэнхабзэр егъэфIэкIуэным хуолажьэ, я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэм сыт щыгъуи пщIэшхуэ хуащIу къокIуэкI.***

КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ, «Меркурий» къэфакIуэ гупым и къызэгъэпэщакIуэ, лъэпкъым и цIыху щыпкъэу щыта, Дер Станислав мыпсэужми, абы къыщIэна и Iуэху дахэ псоми хуэдэу, артист ныбжьыщIэхэр пщIэрэ щIыхьрэ яIэу зэрылажьэр.

КъэфакIуэ гупым и музыкэ унафэщI, Абхъаз АССР-м щIыхь зиIэ и артист Ажбэч Валерэ, балетмейстер, КъШР-м щIыхь зиIэ и артист Тание Валерэ сымэ ягъэув къафэхэр адрейхэм хуабжьу къащхьэщокI. Лъэпкъ къэфэкIэм фIы дыдэу щыгъуазэ гъэсакIуэхэм япэ илъэсхэм къыщыщIэдзауэ зыкъагъэлъэгъуащ зэфIэкI ин зыбгъэдэлъ, щхьэх зимыщIэ, зэчий зыхэлъ цIыхухэу.

Иужьрей илъэсым «Меркурий»-м хэтхэм я зэчийм нэхъри зыкъызэкъуихащ икIи цIыхухэм я гуапэ хъуащ абы «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и къэрал къэфакIуэ гуп» цIэр къызэрыфIащар.

Гупым я утыку итыкIэр, пцIы хэмылъу, телъыджэщ: къэфакIуэхэм я зыIыгъыкIэм узыIэпишэу, уигъэгуфIэу, уитхьэкъуауэ уоплъ.

КъэфакIуэ гупым хэтщ зэчий нэс зыбгъэдэлъ щIалэ, пщащэ куэд. Ахэр зигури зи псэри лъэпкъ къафэхэм ета, лъэпкъ гъуазджэм нэхъри зегъэужьыным, абы и щIыхьыр къэIэтыным зи къару, Iэзагъ псори езыхьэлIэ щIалэгъуалэщ.

Ансамблым и репертуар гъэщIэгъуэным къинэмыщIауэ, сценэр куэдкIэ ягъэбжьыфIэ, ягъэщIэращIэ «Меркурий»-м хэт къэфакIуэ ныбжьыщIэ цIыкIухэм. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, гупым щынэхъыщIэ, илъэситху фIэкIа мыхъуа Акъбащ Амал и къэфэкIэм апхуэдизкIэ узыIэпешэ, удехьэхри, гуимыхуж пщохъу.

Гупым игъэзащIэ къафэ телъыджэхэм яхыболъагъуэ адыгэхэм, абазэхэм я щэнхабзэм и дахагъэр.

Зи гугъу тщIы къэрал къэфакIуэ гупыр ящыщщ Къэрэшей-Шэрджэсым и щэнхабзэр, гъуазджэр къэрал, хэгъэгу жыжьэхэм щыпсэухэми езыгъэцIыхуахэм. Абыхэм я ехъулIэныгъэхэм ди щэнхабзэм и щIыхьыр нэхъри лъагэу зэриIэтынум шэч къытетхьэркъым.

**КЪАРДЭН Дадушэ.**

Ди тхылъ телъхьэпIэхэм

# «Тхьэм и бынхэр»

***Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыдигъэкIащ усакIуэ, тхакIуэ Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ и тхылъыщIэ, «Тхьэм и бынхэр» фIэщыгъэцIэр иIэу. Абы итщ усэ хэр, таурыхъхэр, ауанхэр, гушыIэ рассказхэр. Тхылъым цIыхур хуеущий хьэл-щэн дахэ хэлъу псэун зэрыхуейм.***



ЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬ елъытауэ, тхылъым ит тхыгъэхэр Iыхьитхуу гуэшащ - «ГъащIэ псынэ», «Ридадэ», «Гум и хущхъуэ», «Таурыхъхэр, ауанхэр, гушыIэ усэхэр», «ГушыIэ рассказхэр».

ГурыIуэгъуэу зэрыщытщи, усакIуэ нэсыр зыщалъхуа зэманым и гъуджэщ. Абы и «тхыгъэ-гъуджэхэм» IупщIу къощыж и лъэхъэнэм ифIри и Iейри, и гуауэри и гуапэри. Абы и лъэныкъуэкIэ уабгъэдыхьэмэ, Увжыкъуэ и тхыгъэхэм гукъанэ яхуэпщI хъунукъым - ахэр ди нобэрей гъащIэм и гъуджэщ.

Пэжыр жыпIэнумэ, ди зэман зэхэтхъуам, IэпашхэлъапашхэхэмрэIужажэхэмрэ къызэбэкIым, ухэту Iуэху тыншкъым захуагъэр, къекIу-къемыкIур зэхэгъэкIауэ, цIыхур фIым хуэбущииныр, абы щыгъуэми Iейм уи нэр къыщхьэрумыгъапхъуэу. Мы къалэн гугъур пылъхьэншэу гъэзэщIэныр хузэфIокI усакIуэм. Абы зэи зэхигъэгъуащэркъым фIымрэ Iеймрэ, къекIумрэ къемыкIумрэ, хеймрэ мысэмрэ.

Сэ ди гъащIэр изогъэщхь псы къиуам. Псалъэм папщIэ, уэшх нэужьым Инжыдж къиумэ, псыхъуэм фIейуэ дэлъыр абы къыдрехьей. Апхуэдэщ ди гъащIэри. ЗэхъуэкIыныгъэ, демократие жыхуаIэхэм къагъэукъубея ди гъащIэм и толъкъунхэм дызыпэмыплъа куэд дагъэлъэгъуащ. Абы и «псыхьэлъахуэхэм» зыкъыкIэращIэри ди псэукIэр зэIызыгъэхьа куэд «къыдэсеящ», ди гумрэ ди псэмрэ я жагъуэу, гугъусыгъумрэ гугъуехьымрэ дыхамыгъэкIыу. Мис апхуэдэ гъащIэ гугъусыгъум къыхэтэджыкIа гупсысэхэмкIэ гъэнщIащ «ГъащIэ псынэ» Iыхьэм къызэщIиубыдэ усэхэр.

АдыгэлI Iущ Къэзанокъуэ Жэбагъы «Зэманым декIур лIыфIщ» жиIэгъауэ щытащ. Абы къикIыркъым зэманыр Iейми фIыми Iэмал имыIэу зыдумыгъэкIуу мыхъуну. Абы жиIам къикIращи, и лъэпкъымрэ хэкумрэ фIы хуэзыщIэу, зэманым декIуу псэур лIыфIщ. Ауэ унафэщI щхьэхуещэ гуэрхэм, езыхэр зэрыхуейуэ мы псалъэхэр къагъэсэбэпри, сыт хуэдэ зэманми зыдебгъэкIун хуейуэ къагъэув, къимыкIыр кърагъэкIыну пылъу. Мис апхуэдэ унафэщI, цIыху щхьэхуещэхэращ Увжыкъуэ и усэ «ЩIакIуэжь» жыхуиIэр зытеухуар.

Мы усэм къыщыIуэта гупсысэм къыкIэрыхуркъым «Псыдзэ» жыхуиIэм зи гугъу ищIри. Псыдзэ къиуам «щымысхьу Iуфэ дахэр щIелъэсыкI», жыгхэри къыхетхъри ирехьэжьэ, къудамэхэр гуещIыкI, ныджэм къытредзэж, ауэ а псоми гущтэ езыгъэщIым пхъэмыф-кунэфыр хэхуакIэ гужьейркъым. «Архъуанэм хущIэмыгуэу щхьэщокIыф, Зы сыджым елъэм, телъэу нэгъуэщI сыджым, Зэрыщытауэ псым къыхокIыжыф». Мис а къуршыпс къиуам усакIуэм ирегъэщхь ди гъащIэр, а псыдзэр нэхъ зыхуэлъэр, абы «ЩIигуэр зи псэр къабзэрщ, Пхъэмыфу щыIэм щыгум къыщакIухь». Мис а пхъэмыфым усакIуэм ирегъэщхь Iейми фIыми зезыгъэкIуу, зыри къафIэмыIуэхуу псэу цIыхухэр.

«Хабзэншэ хабзэр» Iэдэж ящIауэ хэкум и «бын пэжу» зызылъытэжу щыта «унэIутыпсэхэм» ягъэхъа щIэпхъаджагъэхэм лъэпкъым, хэкум къыхуахьа тхьэмыщкIагъэхэр зыхуэдар къыщыгъэлъэгъуащ «СрокIуэ уи лъагъуэм» усэм. А зэман дыджым лажьи хьэкъи ямыIэу зэхэзехуэн ящIахэм яхэтат езы Увжыкъуэ и адэри. Абы къиIуэтэжа хъыбархэр IупщIу къызыхэщыж усэм укъыщеджэкIэ, гукъутэ пщымыхъун плъэкIыркъым.

Тхьэгъэпсэум зы тхыгъи иIэу къыщIэкIынкъым, лъэпкъ гупсысэр, лъэпкъ гукъеуэр IупщIу къыхэмыщу. Абы и сыт хуэдэ тхыгъэри и лъэпкъыпсэкIэ, лъэпкъ гурыгъузкIэ апхуэдизу псыхьащи, укъызэщIимыIэтэу, уимыгъэпIейтейуэ, уи гущIэм емыжалIэу, Тхьэм ирещIи, абыхэм зыри яхэту къыщIэкIынкъым. Абы и щыхьэтщ «КъулыкъущIэ», «ЛIыщхьэ», н. къ. усэхэр. УсакIуэр зэм ирогушхуэ и лъэпкъыр дунейм щыцIэрыIуэу зэрыщытам, зэм нобэ зыхуэкIуам егъэпIейтей, егъэгумэщI.

«Гукъеуэ», «ЛъэпкъылI къамылъхужу жаIэу макъ ягъэIу» жыхуиIэ усэхэм, н. къ. укъыщеджэкIэ, абыхэм къыщыIуэта гупсысэм уи гущIэр ямыгъэузу къанэркъым. Езы лъэпкъым щыщ гуэрхэр зэрызэхущIэуэжыр «уз бзаджэу» зэрапкърытыр усакIуэм иущэхуркъым.

**Къуагъдэуэ бийуэ щэхуу зэрошх**
**си лъэныкъуэхэр,**
**Хамэм еубзэу, зыщIагъэнакIэу**
**жагъуэгъухэр.**
**Зи хьэмтетыгъуэр хабзэм доджэгу**
**зэхифыщIэу,**
**Адэ щIэиныр цеижь пытхъахуэ**
**къыфIэщIу.**

Лъэпкъым теухуа гупсысэхэр IупщIу къызыхэщ усэхэм я щапхъэ куэд иджыри къэтхьыфынут, ауэ мы зи гугъу тщIами наIуэу къегъэлъагъуэ усакIуэм и гумрэ и псэмрэ и лъэпкъым зэрыхуэкъабзэр, Iейуэ щыIэр IэщIыб ищIрэ фIыуэ щыIэр и натIэ хъужмэ, зэригуапэр. Абы хьэкъыпIэкIэ и фIэщ мэхъу и лъэпкъым и къэкIуэнур зэрыфIыр, ар къытщIэхъуэ щIэблэр зыщIэбэн, зыхуэпабгъэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр.

**Адыгэ ныпыр гъуэгугъэлъагъуэу,**
**Ди щIэблэм нобэ къеIэтыж.**
**Я зэхэтыкIэм гур хигъахъуэу,**
**Адэшхуэ лIыгъэм хуаунэтIыж...**
**... Нэхъыжьхэр къэхъуми**
**щызэпеуэ,**
**ЩIалэфIхэр нобэ зэкъуоувэж.**
**Лъэпкъыгур я гум къыщIэроIэ,**
**Гъуэгу махуэ лъэпкъри тоувэж!..**

Зи гугъу тщIы тхылъым итщ лъагъуныгъэм теухуа усэхэри. Ауэ жыIэпхъэщ мы зыр: зи гурылъхэр «Лъагъуныгъэ» псалъэшхуэм и къуагъым къуэзыгъапщкIуэхэм ящыщкъым усакIуэр. Ар «лъагъуныгъэ Iэрыгъажэм» илIыкIхэм ящыщкъым, атIэ абы IэфIагъи, гугъуехьи, гуауэщхьэуи зэрыпылъыр нехьэкI-къехьэкI имыIэу къегъэлъагъуэ. А псори зыхищIэнущ «Гум и хущхъуэ» Iыхьэм ит усэ Iэрамэм къеджэм.

Тхылъым итщ усэбзэкIэ тха таурыхъхэр, ауанхэр, гушыIэ усэхэр, прозэу тха гушыIэ рассказхэр. Тхылъым и зэхуэдитIым нэсыр абыхэм яубыд. Газет тхыгъэ кIэщIым а псоми дыщытепсэлъыхьыну лъэкIыныгъэ диIэкъым, ауэ, къыхэдгъэщынщи, щIэджыкIакIуэхэм гунэс ящымыхъун абыхэм зыри яхэту къыщIэкIынкъым.

Художественнагъ и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, тхылъым иткъым гукъанэ зыхуэпщIын гуэри, зэрытха Iэзагъэ елъытакIэ зэщхьэщыкIыныгъэ гуэрхэр яIэу щытми.

Къытыдогъэзэжри, мы тхылъым фIагъыу хэлъ псоми я гугъу мыбдежым щытщIыфынукъым. ХьэкъыпIэкIэ си фIэщ хъур аращи, мы тхылъым еджэр щIегъуэжынкъым, ар ди шэрджэс литературэм, псом хуэмыдэжу, поэзием сыт и лъэныкъуэкIи зезыгъэузэщIщ. Нэхъыщхьэр аращи, нобэрей ди гъащIэм къигъэщIа гупсысэхэрщ я лъабжьэр абы ит тхыгъэхэм. Ахэр пэжыгъэм и гъуджэщ, и гъуазэщ.

**ТАМБИЙ БэтIал.**
*Черкесск къалэ.*



# Увжыкъуэ

***Илъэс 57-рэ хъуауэ пэрытщ щIэныгъэ IэнатIэм ЗекIуэхъу Увжыкъуэ. ЕгъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру Мейкъуапэ дэт институтыр 1950 гъэм къиуха нэужь, Увжыкъуэ и щIэныгъэм адэкIи щыхигъэхъуащ Тбилиси къэрал университетым, Грузием ЩIэныгъэхэмкIэ и академием щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щигъэхьэзыращ.***



АДЫГЭБЗЭМ еш имыIэу телажьэ щIэныгъэлIыр псэемыблэжу хущIокъу ар хъума зэрыхъуным, къэкIуэну щIэблэм бзэр тэмэму ящIэным. Абы теухуауэ ЗекIуэхъум итхащ щIэныгъэ лэжьыгъэ куэд. Апхуэдэхэщ и IэдакъэщIэкIхэу «Адыгэбзэм и склоненэм теухуауэ», «Адыгэбзэхэм я псалъэухахэм я ухуэкIэм хэлъ хабзэхэр», «Адыгэбзэм и синтаксисым теухуа очеркхэр», «Адыгэбзэм и грамматикэм и курс кIэщI», нэгъуэщIхэри.

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, Урысей Федерацэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ЗекIуэхъу Увжыкъуэ апхуэдэуи къэрал жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэщ. Ар Адыгэ Республикэм и Президентым деж адыгэбзэмкIэ щыIэ Советым хэтщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Iуэхухэм жыджэру хэлэжьыхь щIэныгъэлIщ. КъинэмыщIауэ, ЗекIуэхъур зэдзэкIакIуэ IэкIуэлъакIуэщ. Абы адыгэбзэм къригъэтIэсащ урыс, къэбэрдей тхакIуэхэм, усакIуэхэм я IэдакъэщIэкI зыбжанэ.

**МАМИЙ Руслан,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, Адыгей къэрал университетым и профессор.*

А лъэпкъ хахуэм къэралыгъуэ лъэщ иухуэфынут, зи акъыл зэтемыхуэ пщыхэм я IэмыщIэ имылъатэмэ. ЛIыфIыгъуэ зэримыгъахуэурэ, зэныкъуэкъу зэпытщ ахэр, ди насыпщи, абы и фIыгъэкIэ нэхъ шынагъуэншэ мэхъу а лъэпкъ хахуэр.

ПАЛЛАС Петр-Симон,
*нэмыцэ академик.*
*1794 гъэ*

## Хэжь Алик и лэжьыгъэхэр (КъБР)



Анэшхуэр унэм мэкIуэж.



Адыгэ къуажэ. ЩIымахуэ.

Номер 70 зэхэт



# ЦIыхубэ артист

***УФ-м и цIыхубэ, щIыхь зиIэ и артист, КъШР-м и цIыхубэ, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым и профессор Гъуэт Хъусин Азэмэт-Джэрий и къуэр 1941 гъэм мазаем и 27-м Хьэбэз районым хыхьэ Жьэкуэ къуажэм къыщалъхуащ.***

***Курыт школым егугъуу щеджэ щIалэ цIыкIур жыджэру хэтт абы къыщызэрагъэпэщ гуфIэгъуэ зэIущIэхэм. Хуабжьу фIэфIт адыгэ уэрэдыжьхэр жиIэн. Курыт школыр къиуха нэужь, Хъусин Собиновым и цIэкIэ Саратов щыIэ къэрал консерваторием щIэтIысхьащ. Абдеж къыщыщIидзащ Гъуэтым и щэнхабзэ дунейм.***

КЪЭРАЛЫМ и консерваторие нэхъ пашэхэм ящыщ зым щылажьэ егъэджакIуэ лъэрыхьхэм ягъэщIагъуэрт щIалэщIэм бгъэдэлъ зэчиймрэ вокал гъуазджэм зэрыхуэпабгъэмрэ. Абы пасэу гу лъызытахэм жаIэрт Гъуэтым къэкIуэну дахэ зэриIэр, уэрэд жыIэнымкIэ Iэзагъ къызэрымыкIуэ къызэрызыкъуихынур. Езыгъаджэхэм я гугъапIэхэр нэхуапIэ ищIащ Хъусин. Абы дахэу егъэзащIэ классикэ, опернэ ариехэр, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я уэрэдхэр.

ЕджапIэ нэхъыщхьэр къиуха нэужь, и жылэжьым къигъэзэжри, Хьэбэз районым щыIэ музыкэ школым и унафэщIу ващ Гъуэтыр. А лъэхъэнэми щэнхабзэ гъащIэм зыхигъэнакъым, утыкушхуэхэм зыкъыщигъэлъэгъуащ. ИужькIэ Волгоград областым Хъусин Iэмал щигъуэтащ симфоние, урыс лъэпкъ оркестрхэм я гъусэу уэрэд жиIэну. Апхуэдэуи егъэджэныгъэ IэнатIэм ехъулIэныгъэхэр иIэу пэрытащ.

Лэжьыгъэм и щэху псори зригъэщIауэ, репертуар къулей иIэу 1981 гъэм Къэрэшей-Шэрджэсым къигъэзэжащ абы. Абдеж щегъэжьауэ зэдихьащ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа IэнатIэхэр. Абы иригъэджахэм къахэкIащ нобэ къэрал псом къыщацIыху уэрэджыIакIуэхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр.

Лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным хуиIэ шэрыуагъыр къалъытэри, КъШР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэу ягъэуват Хъусин, а IэнатIэм зэрыпэрыта илъэси 10-м къриубыдэу абы хузэфIэкIащ республикэ филармониемрэ «Iуащхьэмахуэ» къэрал къэфакIуэ ансамблымрэ я пщIэр къиIэтын, я лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу къызэригъэпэщын.

Творческэ гъуэгуанэ куэд зэпичащ Гъуэтым. Абы Iэгуауэшхуэхэр щыхуаIэтащ Тыркум, Испанием, Португалием, Израилым, Польшэм, Бельгием, Голландием. Нобэ Гъуэт Хъусин и цIэр КъШР-мрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ нэмыщIи, нэгъуэщI щIыпIэ куэдми къыщацIыху. Ар гуапэу ирагъэблагъэ ди къэралым и щыхьэрым, адрей къалэшхуэхэм.

Бзэ зыбжанэкIэ уэрэд жеIэ абы. Хъусин и творчествэм лъабжьэ хуэхъур ди адэжь лъахэм ис лъэпкъхэр псэкIэ нэхъ зэгъунэгъу щIыныршщ.

Гъуэтыр 2003 гъэ лъандэрэ и унафэщIщ Даур Аслъэн и цIэр зэрихьэу Черкесск къалэ дэт Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал училищэм.

**ЩАКIУЭ Мусэлий.**

# Гъэсашэм уэрэд жеIэ

***Урысей Федерацэм и цIыхубэ артисткэ, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и профессор, уэрэд жыIэнымкIэ кафедрэм и унафэщI Гъэсашэ Наталье и творчествэр, зыIыгъыкIэ екIур, утыку итыкIэ дахэр щIыпIэ куэдым къыщацIыхуащ. Дэнэ щымыIуар абы и макъыр? Европэм, Азием, Африкэм, Америкэм я къэрал 50-м къыщригъэцIыхуащ Наталье къыщалъ-хуа, къыщыхъуа, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ щыхъуа и лъахэ цIыкIур.***



ПЩАЩЭР уэрэд жыIэным зэрыдихьэхым пасэу гу лъитащ Наталье и анэм икIи и зэчийм нэхъри зригъэужьыным тригъэгушхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым ар щIэтIысхьащ Саратов дэт консерваторэм вокалымкIэ и къудамэм.

ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта уэрэджыIакIуэм и репертуарым хыхьэрт дунейпсо классикэ макъамэхэр: Верди, Беллини, Доницетти, Глинкэм, Чайковскэм, нэгъуэщIхэми я IэдакъэщIэкIхэр.

Нэхъ игу ирихь макъамэр сыт хуэдэми ущыщIэупщIэкIэ, Наталье жеIэ: «Сэ уэрэдыр щызгъэзащIэм деж абы нэхърэ нэхъ сигу дыхьэ щымыIэу къысфIощI. СфIэфIщ романсхэр, опереттэхэм щыщ ариехэр, иджырей усакIуэхэм, макъамэтххэм я уэрэдхэр, цIыхубэ уэрэдыжьхэр».

Совет Союзым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм Iэгуауэшхуэхэр щыхуаIэтащ абы. Илъэс куэдкIэ къыдэгъуэгурыкIуащ абы и уэрэд жыIэкIэм дихьэххэм я лъагъуныгъэр, ноби и гъащIэр хуэзыгъэнэхур ахэращ.

Зэчий къызэрымыкIуэ зыбгъэдэлъ бзылъхугъэщ Гъэсашэр. Наталье ехъулIэныгъэ къыхуэзыхьыр и лэжьыгъэм жэуаплыныгъэ пылъу зэрыбгъэдэтырщ, игъэзащIэ уэрэдыр гурэ псэкIэ зыхищIэу, абы щIэлъ гупсысэмрэ гурыщIэмрэ цIыхубэм я деж зэрынихьэсыфырщ.

Наталье утыкушхуэ куэдым зыкъыщигъэлъэгъуащ, дирижер цIэрыIуэхэми ядэлэжьащ - Тыркуми, Иорданиеми, Сириеми, Югославиеми, Бельгиеми, Голландиеми, нэгъуэщI къэралхэми и зэфIэкI щигъэлъэгъуащ.

Абы лъандэрэ илъэсхэр дэкIащ, иджы ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и профессорым жеIэ: «Студентхэм я увыпIэр гъащIэм къыщагъуэтыжыфыным хуэгъэсэнырщ си къарур зэсхьэлIэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ди республикэм Iэмал псори щыIэкъым, уэрэджыIакIуэм нэсу зыкъызыкъуебгъэхын щхьэкIэ, ауэ институтым абы папщIэ зыхуеинухэр щыдогъащIэри, адэкIэ езыхэм я жыджэрагъым елъытыжащ яIэну ехъулIэныгъэхэр».

НыбжьыщIэхэр егъэджэным тригъэкIуадэ къарур пщIэншэ зэрымыхъум щыхьэт тохъуэ Наталье и гъэсэнхэр республикэ, урысей, дунейпсо зэпеуэхэм зэрыхэтыр, пашэныгъэ къызэрыщахьыр.

А псори къалъытэри, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэм, егъэджакIуэ псэемыблэжым «Шэрджэс фонд» дунейпсо организацэм къыхуигъэфэщащ «КъБР-м и щэнхабзэмрэ макъамэ гъуазджэмрэ илъэс куэд щIауэ зэрыхуэлажьэм папщIэ» медалыр, Дунейпсо Арткомитетым къритащ «Человек-легенда» дыщэ медалыр, КъБР-м и щIыхь тхылъри къыхуагъэфэщащ.

**ХЬЭПЭ Маринэ.**
*Налшык къалэ.*



СССР-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым я цIыхубэ артист, Къэрал саугъэтхэм я лауреат, дирижер цIэрыIуэ Темыркъан Юрэ.

**Къэбэрдейхэм, шапсыгъхэм, Псыжь адрыщI ис адрей адыгэ лъэпкъхэм я шуудзэм ебгъапщэ хъун зыщIыпIи щыслъэгъуакъым.**
ТОРНАУ Федор.

## Президентым ирегъэблагъэ

**Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм Унагъуэм и илъэсыр мазаем и 26-м къыщызэIуахынущ. Абы теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэм КъШР-м и президентым ирегъэблагъэ дохутыр, егъэджакIуэ, ухуакIуэ, еджагъэшхуэ, щIэныгъэлI, журналист, мэкъумэшым пыщIа IэщIагъэхэр щызэIэпах унагъуэхэм я лIыкIуэхэр, бынунагъуэшхуэхэр.**

УНАГЪУЭМ и илъэсым теухуа Iуэхугъуэхэр щокIуэкI республикэм и къалэхэмрэ куейхэмрэ. Нэхъыбэу ахэр яхуэгъэзауэ щытынущ социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным, сабий зиIэ унагъуэхэм мылъкукIэ защIэгъэкъуэным. Республикэм гулъытэ хэха щыхуащIынущ сабийхэмрэ адэ-анэхэмрэ я узыншагъэр хъумэным, гуфIэгъуэ, щэнхабзэжылагъуэ Iуэхугъуэхэр егъэкIуэкIыным.

**ХУТ Э Аминат.**

# Щэнхабзэ лъагэм и щIыналъэ

***Сыт хуэдэ зэмани Адыгэ Республикэм и гъащIэм увыпIэшхуэ щеубыд щIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр, нэщэнэхэр хъумэным. Къэралым зэхъуэкIыныгъэхэр щыщекIуэкIа 90 гъэхэми унафэщIхэм IэщIыб ящIакъым цIыхупсэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а унэтIыныгъэр. Мейкъуапэ къыщызэрагъэпэщу щытащ щIыналъэпсо щэнхабзэ еплъыныгъэхэр.***

АБЫ ЛЪАНДЭРЭ хабзэ хъуауэ, къалэм щокIуэкI «Лъэпкъ гъуазджэм и къежьапIэр», «Мамырыгъэм и щIыналъэ», «Къуалэбзу къащхъуэ» лъэпкъ щэнхабзэ фестивалхэр. Абыхэм жыджэру хэтщ зэчий лъагэ зыбгъэдэлъ ансамблхэр, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэр, апхуэдэуи гъуазджэм япэ лъэбакъуэхэр щызыч артист ныбжьыщIэхэри. Щэнхабзэ лъагэм и щIыналъэм малъхъэдисым хуэдэу зыщIешэ гъуазджэм гу хуэзыщIа цIыхупсэхэр.

2008 гъэм илъэси 10 мэхъури, АР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм социально-экономикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэхэмкIэ «Кавказ Ищхъэрэ» щIыналъэ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр зэщIегъэуIуэ икIи щэнхабзэ зэхыхьэхэр къызэрегъэпэщ.

- Илъэс блэкIар ди республикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэу щытащ. Дэ дгъэлъэпIащ адыгэ щIыналъэхэр Урысей къэралым зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур. А Iуэхугъуэм пыщIа дауэдапщэхэр екIуу зэфIэха хъуным хуэгъэпсауэ щытащ ди министерствэм и лэжьыгъэр, - жеIэ Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Лъэцэр Iэдэм. - Москва щекIуэкIа адыгэ щэнхабзэм и махуэхэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми я лIыкIуэхэм тхуэзэфIэкIащ ди лъэпкъ щэнхабзэм и лъэныкъуэ псори москвадэсхэм, хьэщIэхэм я пащхьэ щыдгъэлъэгъуэн. Апхуэдэуи адэкIэ ди зыужьыкIэ хъунум и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэри дубзыхуащ.

Министрым зэрыжиIэмкIэ, илъэс блэкIам и кIуэцIкIэ щIыналъэпсо, къэралпсо щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр ефIэкIуащ, уеблэмэ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм дaIущIэну, ди зэфIэкIхэмрэ Iуэху зехьэкIэхэмкIэ дызэдэгуэшэну Iэмал диIащ. Апхуэдэу Адыгейм и творческэ гупхэм хамэ къэралхэм зэрызыкъыщагъэлъэгъуэнум, республикэм и сурэтыщI цIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр къэралым и щIыналъэ зыбжанэм зэрыщагъэлъэгъуэнум шэщIауэ тепсэлъыхьащ. Махуэшхуэр щыдгъэлъапIэ лъэхъэнэм ирихьэлIэу республикэм и щIыпIэ нэхъ хьэлэмэт дыдэхэр, цIэрыIуэхэр щызэхуэхьэса «Адыгей: щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр» тхылъ гъэщIэгъуэныр дунейм къытехьащ. КъинэмыщIауэ, ди тхыдэ-этнографие музейм «Шэрджэсхэм я щэнхабзэмрэ псэукIэмрэ» экспозицэ хьэлэмэт къыщызэIуахащ. Абы къыщыгъэлъэгъуа материалхэм къахощ адыгэхэм ижь зэманым яIа псэукIэри, лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэ кIыхьри, и нобэрей гъащIэри.

**НЭХЕЙ Разиет.**
*Мейкъуапэ къалэ.*

АР

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр



## *Црымымрэ Мэзломрэ щапхъэ трах*

ДАМЫГЪЭХЭР. Ди гъащIэр зэрызэхэтыр дамыгъэщ. Хьэпшыпыр зэрызэхэлъ пкъыгъуэхэр, абы и щIыкIэр, щытыкIэр, къэухьыр къагъэлъэгъуэн папщIэ къагъэсэбэпыр дамыгъэхэрщ. Рецептуализм - иджырей гъуазджэм стиль куэду зэхэт и унэтIыныгъэхэм ящыщщ, дамыгъэхэм я бзэкIэ теплъэгъуэхэр къэгъэщIыным теухуащ.

Апхуэдэ жыпхъэм ит сурэтхэр Налшык дэт Лъэпкъ музейм и пэшышхуэм мазаем и 15 лъандэрэ щагъэлъагъуэ. ДизайнымкIэ колледжыр 2006 гъэм къэзыухахэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и сурэтыщI щIэблэм я IэдакъэщIэкIхэр - графикэ, живопись лэжьыгъэхэр, керамикэм къыхэщIыкIа «Бзылъхугъэ» сериер - утыку кърахьащ. Телъыджэу къащыхъуащ икIи занщIэу щIэупщIэшхуэ иIэ хъуащ, «Существа», «Материнство» зыфIаща анимационнэ проектхэр икIи нэхъыбэрэ къагъэлъэгъуэну къыщIэлъэIуащ.

Хъуэст Юрэ, Елей Миланэ, Керженцев Максим, Мэржэхъу Мадинэ, Щокъарэ Дианэ, Братчиковэ Полинэ, Панченкэ Светланэ, Битокъу Лянэ, Мэзло Руслан сымэ я IэдакъэщIэкIхэм мыр я япэ гъэлъэгъуэныгъэкъым: графикэ лэжьыгъэхэр Москва, анимацэр Италием щыIащ, Владикавказ, Черкесск къалэхэм щекIуэкIа щIыналъэ выставкэхэм хэтащ, Мейкъуапэ зэрашэнум иджы зыхуагъэхьэзыр.

СурэтыщI ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэхэр гъэлъэгъуэныр къыщызэIуах зэIущIэм кърихьэлIащ КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэр. ДизайнымкIэ колледжым и унафэщI Кожуховская Светланэ псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ выставкэр къызэзыгъэпэща щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ. Езы сурэтыщI ныбжьыщIэхэм фIыщIэ ин хуащIащ Лъэпкъ музейм и лэжьакIуэхэмрэ я гъэсакIуэ Мэзло Эдуардрэ.

*Сурэтхэри тхыгъэри зейр*
**КЪАРЕЙ Элинэщ.**



# КIуэкIуэ Тамарэ и вагъуэ

***Сыту гугъуу зэхэлъ икIи гъэщIэгъуэн куэду зэхэухуэна цIыху гъащIэр. Апхуэдэу уогупсыс КIуэкIуэ Тамарэ и къекIуэкIыкIам щыгъуазэ зыщыпщIкIэ.***

***1934 гъэм Налшык къалэ къыщалъхуа пщащэм къыпэплъэр зи сабиигъуэр зауэ лъэхъэнэм хиубыда и лъэхъэнэгъу ныбжьыщIэ куэдым я гъащIэм куэдкIэ техуэрт. Япэ махуэхэм щегъэжьауэ зи адэр фронтым кIуа, сабиищ зиIэ анэм и дэIэпыкъуэгъу хъуа пщащэм къэкIуэну дахэ иIэу хэт и фIэщ хъунт?***



ЗИ АДЭР зауэм хэкIуэда хъыджэбзыр езым къыкIэлъыкIуэ цIыкIухэм якIэлъыплъырт, сыт и лъэныкъуэкIи анэм зыщIигъакъуэрт. Къалэн куэдыщэ и пщэ къыдэхуэми, Тамарэ школым щIэтIысхьащ икIи фIы дыдэу къиухащ. Литературэр, усыгъэр фIыуэ зэрилъагъум къыхэкIыу, курыт еджапIэ нэужьым университетым педагогикэмкIэ и факультетым щIотIысхьэ...

И IэщIагъэм хуэIэижьу иджыри зы яхэтыну къыщIэкIынт егъэджакIуэхэм, зэгуэрым Тамарэ Москва дэт Театр цIыкIум и актрисэ цIэрыIуэм уэрамым щрихьэлIауэ щымытамэ.

Актерхэр щагъэхьэзыр факультетым щIагъэтIысхьэнухэр Налшык къэкIуауэ къызэрыхахыр щызэхихым, Тамарэ мурад ищIащ езым и зэчийр игъэунэхуну. И дахагъыр ара хьэмэрэ къыдалъэгъуа зэчийра, Тамарэ профессорхэр итхьэкъури, ГИТИС-м и I-нэ курсым ящтащ...

Зы илъэс дэкIа нэужь, КIуэкIуэр кином ирагъэблэгъащ икIи, къызэрыщIэкIамкIэ, ар абы хуэхьэзырт, нэхъыщхьэрати, камерэм щышынэртэкъым.

Москва

Абы гу лъызыта IэщIагъэлIхэм ирагъэблагъэу щIадзащ КIуэкIуэр. «Двое из одного квартала» фильмым щыджэгуа нэужь, шэч лъэпкъ къытрамыхьэу Тамарэ дзыхь къыхуащIащ «Фатима» фильмым хэт лIыхъужь нэхъыщхьэм и ролыр. Пщащэм и гъащIэм хэлъ романтизмыр, трагизмыр къалъытащ еплъа псоми, аращ абы ехъулIэныгъэшхуэ щIиIари. Псом хуэмыдэу ягу ирихьар Тамарэ и джэгукIэрт.

ЕджапIэр къиуха нэужь, 1959 гъэм ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэр хагъэхьэ кинотеатрхэм я театр студием. Ар хэтащ тхыдэм ехьэлIа фильмхэм, ди нобэрей гъащIэр къыщыгъэлъэгъуахэм, нэгъуэщIхэми. Абыхэм къищынэмыщIауэ, КIуэкIуэр хэтщ ди къэралым щекIуэкI концертхэм, фестивалхэм. Ар сытым дежи ирагъэблагъэ Москва дунейпсо кинофестивалым, Азие, Африкэ, Латин Америкэ къэралхэм я Ташкент дунейпсо кинофестивалхэм.

Илъэс куэд хъуауэ Москва щыпсэу, «РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ» цIэ лъапIэр зезыхьэ адыгэ бзылъхугъэм зэи зыщигъэгъупщэркъым и лъахэр икIи сытым дежи иригушхуэу жеIэ зэрыадыгэр. Илъэсым къриубыдэу зэ нэхъ мыхъуми Налшык къокIуэж КIуэкIуэр и Iыхьлыхэр илъагъуну, и адэжьхэм я кхъащхьэхэм щхьэщытыну, и ныбжьэгъухэм яIущIэну, и Хэкум и хьэуа къабзэкIэ бэуэну...

**ШЫГЪУШЭ Синэ.**

**Адыгэм и фащэ дахэр Шэрджэсым и гъунапкъэхэм щхьэдэхри, жыжьэ нэсащ. Адыгэхэр сыткIи къахэщырт я гъунэгъу лъэпкъхэм - я фащэкIи, я хабзэхэмкIи, я псэукIэкIи. Адыгэ фащэр Кавказ Ищхъэрэми къыщызэтенакъым, Кавказ щIыбми нэсащ... Къэзакъхэми щапхъэ яхуэхъуащ шэрджэсхэм я фащэр, я Iэщэр, я шы тесыкIэр, абыхэм ядэплъей зэпытащ.**

СТУДЕНЕЦКАЯ
Еленэ.

Номер 70 зэхэт

# Лъагъуэ нэхъыщхьэ

***Адыгэ Республикэм и унафэщIхэм гулъытэшхуэ хуащI жылагъуэм спортымрэ физкультурэмрэ зыщегъэужьыным. Абы и щыхьэтщ «Ещанэ илъэс минищым дыхуэкIуэу» урысейпсо спорт зэпеуэ-еплъыныгъэм иужьрей илъэсхэм республикэр жыджэру зэрыхэтыр, унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ сыт щыгъуи пашэныгъэр зэрыщиубыдыр.***

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, атлетикэ псынщIэмкIэ къэралпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм Адыгейм и спортсменхэм дыщэ, дыжьын медалу щэ бжыгъэхэр къыщахьащ. Мейкъуапэдэсхэу Чыржын Мухьэрбий, Невзоров Владимир, Алифиренкэ Сергей сымэ Олимп Джэгухэм я чемпион хъуахэщ. Спортым щIыхь зиIэ и мастер, самбэмкIэ дунейпсо чемпионатхэм 11-рэ щытекIуа Хьэсанокъуэ Мурат зэрыжиIэмкIэ, зэхьэзэхуэныр, пэрыту щытыныр - ар шэрджэсхэм къыдалъху лъэпкъ хьэлщ. Ар пэж дыдэщ, армыхъумэ дауэ къызэрыбгурыIуэнур Адыгэ Республикэ цIыкIум щыпсэухэм я зэхуэдитIыр спортым дихьэхыу зэрыщытыр?! А бжыгъэм кIуэ пэтми къызэрыхэхъуэм и фIыщIэ куэд хэлъщ нэгъабэ лъандэрэ республикэм спортымрэ физкультурэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIу лажьэ езы Хьэсанэми.

- Ар фIэщхъугъуейщ, ауэ иджыпсту футболымкIэ республикэм щекIуэкI чемпионатым командэ 60 хэтщ. Ахэр я лIыкIуэщ къалэхэми, куейхэми, къуажэхэми, - жеIэ Хьэсанокъуэм. - Футболым нэмыщI ди цIыхухэр хуабжьу дехьэх бэнэным. Абы и лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ ди жылэхэм щолажьэ гупжьейхэр, секцэхэр. Узыншагъэм ухуэзышэ лъагъуэ нэхъыщхьэу спортыр щыщыткIэ, ди цIыхухэр абы нэхъри дедгъэхьэхынущ. ЦIыхухэм яхуэдухуэнущ стадионхэр, спортзалхэр, псы есыпIэхэр.



Спортсменхэр гъэхьэзырыным хуэунэтIа программэ щхьэхуэхэр къыщащтащ Адыгейм. 2008 - 2012 гъэхэм кърихубыдэу спортымрэ физкультурэмрэ зегъэужьыным республикэ бюджетым къикIыу хухахащ сом мелуан 220-рэ. Иджыпсту спорт унафэщIхэр хуабжьу йогугъу Пекин щекIуэкIыну Олимпиадэм кIуэну Урысейм и командэ къыхэхам Адыгейм щыщ спортсмен лъэрызехьэхэр хэхуэным. НобэкIэ апхуэдэхэр плIы мэхъу: Сидней Олимпиадэм фочкIэ нэщанэ еуэнымкIэ и чемпион хъуа Алифиренкэ Сергей, атлетикэ псынщIэмкIэ къэралым, Европэм увыпIэфIхэр щызыIыгъхэу Буфаловэ Олеся, Пищальниковхэ Дарьерэ Богданрэ. Абыхэм псоми республикэ спорт стипендие къахь.

> **ЛIыгъэм пащI щыIэкъым шэрджэсхэм, я щIэблэр щIапIыкI абы, хахуэу, бэшэчу, я адэ-анэхэм, я нэхъыжьхэм пщIэ хуащIу къагъэтэджын папщIэ.**
>
> КАНТЕМИР Дмитрий.
>
> *Молдавием и тепщэ. 1723 гъэ*

ГандболымкIэ Урысейм и цIыхубз командэ къыхэхар иджыблагъэ дунейпсо чемпион хъуащ икIи Пекин Олимпиадэм кIуэнухэм яхэхуащ. Къыхэгъэщып-хъэщ а командэм Мейкъуапэ щыщ бзылъхугъэ цIыкIуищ зэрыхэтыр: Кареевэ Аннэ, Суслинэ Иннэ, Усаковэ Янэ. Спортым япэ лъэбакъуэхэр абыхэм щачар Адыгейм и щыхьэрыращ.

Адыгэ Республикэм спортым, псом хуэмыдэу футболым, зыщегъэужьыным хуащI гулъытэм мыхьэнэшхуэ иIэу къилъытащ футболымкIэ Урысей зэгухьэныгъэм и президент Мутко Виталий. Ар мы щIыналъэм щыщыхьэщIам щыгъуэ, Адыгейм и Президент ТхьэкIуэшынэ Аслъэнджэрий и гъусэу Красногвардейскэ районым хыхьэ Улап жылэм топ ущыджэгу хъуну губгъуэшхуэ къыщызэIуахащ. А Iуэхугъуэ дахэм и саулыкъукIэ зэхыхьа гуфIэгъуэ зэIущIэм Мутко щыжиIащ мыпхуэдэ Iэрыщ футбол губгъуэ 14 мыгувэу адрей къуажэхэми къызэрыщызэрагъэпэщынур. КъинэмыщIауэ, иджырей дунейпсо пщалъэхэм изагъэ губгъуэшхуэ 30-рэ футболистхэр щагъэхьэзыр щIыналъэ центррэ къэкIуэну илъэсищым кърихубыдэу Адыгейм щаухуэнущ. А хъыбархэм куэд щыгуфIыкIащ, псом хуэдэжтэкъым сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ ягъуэта гукъыдэжыр.

ПсэукIэ узыншэм и телъхьэщ Адыгейм и къэрал унафэщIхэр. Абыхэм я жэрдэмкIэ, мыгувэу Мейкъуапэ щыщIадзэнущ ухуэныгъэ ин дыдэм - СпортымкIэ республикэ уардэунэм. Апхуэдэу республикэм и куей къэс спорт лIэужьыгъуэ зыбжанэкIэ ныбжьыщIэхэм щадэлэжьэну спорт комплексхэр щаухуэнущ.

**ТАМБИЙ Линэ.**

* * *

**● Спортым и вагъуэхэр**

# Пекин щыбэнэну?

***Къэбэрдей-Балъкъэрым дзюдом зыужьыныгъэфI зэрыщигъуэтам и щыхьэтщ ди бэнакIуэхэр щIэх-щIэхыурэ къэралым и командэ къыхэхам хагъэхьэ, я зэфIэкIыр утыкушхуэхэм щагъэлъагъуэ зэрыхъуар, текIуэныгъэ дахэхэр дунейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къызэрыщахьыр. Мы махуэхэм республикэм иIэщ ныбжьыщIэхэми, балигъхэми я дунейпсо, Европэ, урысей зэхьэзэхуэхэм я чемпионхэмрэ призерхэмрэ. Абыхэм ящыщщ Тау Хьэсэнбий.***



ХЬЭСЭНБИЙ 1977 гъэм щэкIуэгъуэм и 5-м Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэсипщIым иту щIалэ цIыкIур дзюдомкIэ секцэм къишащ и къуэш нэхъыжь Сэфарбий. Ар пэщIэхуащ нобэми зи нэIэм щIэт тренер Iэзэ Емкъуж Мухьэмэд. ДзюдомкIэ зигъэсэн зэрыщIидзэрэ мазэ нэхъ дэмыкIауэ Хьэсэнбий япэ дыдэу щыбэна зэхьэзэхуэхэм и япэ медалыр къыщихьауэ щытащ. 1996 гъэм щIалэгъуалэм я урысейпсо зэхьэзэхуэм ещанэ увыпIэр къыщихьащ. Куэд дэмыкIыуи, и зэфIэкIым гу къылъатэри, Урысейм и командэ къыхэхам хагъэхьащ. Абы къыщыщIэдзауэ Таум ехъулIэныгъэфIхэр къигъэлъагъуэ зэпытщ. 1996 гъэм спортсмен ныбжьыщIэр Мейкъуапэ мэIэпхъуэ. Абы физкультурэмрэ спортымкIэ институтым щыщIотIысхьэ. 1999 гъэм къыщыщIэдзауэ Хьэсэнбий балигъхэм я зэхьэзэхуэхэм щобанэ. Апхуэдэу 2000 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыяпэу Урысей Федерацэм дзюдомкIэ и чемпион мэхъу. А гъэ дыдэм къыщыщIэдзауэ «Явара-Нева» президент клубым хохьэ. Абы хэту 2000, 2002 гъэхэм УФ-м и Президентым и международнэ кубокыр къихьащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсми къэралым и чемпион мэхъу. Зыбжанэрэ «А» категорием и турнирхэм бжьыпэр щиубыдащ. 2002 гъэм Урысей Федерацэм и щIымахуэ, гъэмахуэ чемпионатхэм дыщэ медалхэр къыщихьащ. 2003 гъэм Дюссельдорф щекIуэкIа Европэ чемпионатым етIуанэ щыхъуащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Бухарест щекIуэкIа апхуэдэ дыдэ зэхьэзэхуэм и дыжьын медалыр къихьащ. 2004 гъэм Алыджым щекIуэкIа Олимп Джэгухэм килограмм 90 зи хьэлъагъхэм я деж жэз медалыр къыщихьащ ди лъэпкъэгъум. 2007 гъэм Дунейпсо Суперкубокыр къэхьыным теухуауэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр къыщихьащ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ Таур щыбанэ килограмм 90 зи хьэлъагъхэм я деж щыпашэщ.

Иджыблагъэ Таур Париж къикIыжащ.

Аэропортым ди лъэпкъэгъур къыщрагъэблэгъэжащ Налшык къалэм физическэ культурэмрэ спортымкIэ и комитетым и унафэщI Бузд Беслъэн, Хьэсэнбий и благъэхэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ.

- Мы зэхьэзэхуэм дэ ерыщу зыхуэдгъэхьэзырат, - жиIащ Хьэсэнбий. - Дунейпсо Суперкубокыр, Европэм, дунейпсо чемпионатхэм хуагъадэу щытщ икIи мыбы дзюдоист лъэрызехьэ защIэщ щыбанэр. Зэхьэзэхуэхэр я мыхьэнэкIэ зэхэздзыркъым, дэтхэнэ зыми зэхуэдэу зыхузогъэхьэзыр. Си хьэрхуэрэгъухэм я хьэл-щэнхэм, я бэнэкIэм сыщыгъуазэщи, зэпеуэм щIимыдзэ щIыкIэ сызэрыбэнэну щIыкIэр си нэгу къыщIызогъэхьэ, къыспэщIэтхэм я тIасхъапIэхэр къызогубзыгъыж.

ЕхъулIэныгъэ сиIэхэр псом япэу зи фIыщIэр си гъэсакIуэ Емкъуж Мухьэмэдщ. Сахуэарэзыщ республикэм и унафэщIхэм, спортым и лэжьакIуэхэм, сыт и лъэныкъуэкIи зыкъызэрытщIагъакъуэм папщIэ.

**<u>- Иджы Олимпиадэм кIуэнухэм уахэхуэну уи гугъэ?</u>**

- Пекин сызэрылъэтэну билетыр сIыгъыу сымылъэгъуауэ, сэри адрей спортсменхэми убзыхуауэ абы и жэуапыр ятыфынукъым. АбыкIэ тренерхэм феупщIмэ нэхъыфIщ. Сэ си къалэн нэхъыщхьэр УФ-м и Олимп гуп къыхэхам сыхэхуэн щхьэкIэ сытри сщIэнырщ. Иджыри къытпэщылъщ Европэм и чемпионатыр, абыи япэ увыпIэхэм ящыщ зы къыщысхьын хуейщ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

* * *

***Гурэ псэкIэ и лэжьыгъэм епха, илъэс куэд щIауэ зыпэрыт IэнатIэр хьэлэлу езыхьэкI цIыхухэр иджырей зэманым гъуэтыгъуейуэ жаIэми, ди гуапэ зэрыхъунщи, апхуэдэхэр мащIэкъым.***

***Зи гугъу тщIыхэм ящыщщ 1986 гъэ лъандэрэ атлетикэ хьэлъэм спортсменхэр щыхуагъасэу Зеикъуэ щылажьэ секцэм и унафэщI, СССР-м спортымкIэ и мастер, УФ-м и командэ къыхэхам и тренер-чэн-джэщэгъу ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Лъостэнбий и къуэр.***

**● Атлетикэ хьэлъэ**



**Езанэ увыпIэр Мэджджыхь Эдуард къихьащ. Абы и гъэсакIуэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сэмэгурабгъумкIэ щытщ.**

# Дэтхэнэ зыми

САБИЙХЭМ зыщагъасэ пэш цIыкIум илъэс 21-м кърихубыдэу лэжьыгъэшхуэ щызэфIэкIащ. Иджырей я ехъулIэныгъэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ хуэдэ къалъыкъуэкIыныр зи хъуэпсапIэ жыжьэу щыта щIалэ цIыкIу 18-р СССР-мрэ УФ-мрэ спортымкIэ я мастер хъуащ. Ар икъукIэ ехъулIэныгъэшхуэщ. Спортым и мастеру апхуэдиз тренер зыбжанэм яхуэгъэхьэзыр къудейщ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и гъэсэн нэхъ къарууфIэхэм, куэдкIэ зыщыгугъхэм ящыщщ Мэжджыхь Эдуард. Абы и иужьрей ехъулIэныгъэхэм ящыщщ 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 25 - 31-хэм Владимир къалэ щекIуэкIа Урысейпсо зэхьэзэхуэм зэрыщытекIуар. Абы хэтащ зыбжанэрэ УФ-м и чемпион хъуа, рекорд зыгъэува, къэралым и командэ къыхэхам хэт спортсмен лъэрызехьэхэр. УФ-м и рекордитI игъэуври, Мэжджыхьым зэIущIэм япэ увыпIэр къыщихьащ икIи игъэзэщIащ международнэ классым спортымкIэ и мастерым и нормативыр.

Тренер-егъэджакIуэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зэрыжиIэмкIэ, Эдуард илъэсибл хъуауэ абы и деж зыщегъасэри, щхьэусыгъуэншэу зыгъэсэныгъэ щыблигъэкI къэхъуакъым. ЩIалэ цIыкIум сэбэпышхуэ къыхуэхъуащ адыгэ хабзэм тету зэ-рагъэсар.

Апхуэдэу тренерым фIыщIэ яхуещI Эдуард спортсмен цIэрыIуэ хъуным и къарурэ зэ-манрэ тезыгъэкIуэда дэтхэнэ зыми. Мэж-джыхьыр Урысейпсо зэхьэзэхуэм кIуэнымкIэ мылъкукIэ сэбэп къыхуэхъуащ Бахъсэн район администрацэм и унафэщI Къаздэхъу Альберт. КъинэмыщIауэ, тренерым фIыщIэ яхуещI СДЮШОР-м и унафэщI Мэлыхъуэ Мухьэдинрэ абы и нэIэм щIэт гупымрэ.

Мы илъэсым Мэжджыхь Эдуард къыпэщылъщ Канадэм щекIуэкIыну дунейпсо зэпеуэм хэтынухэр къыщыхахыну зэхьэзэхуэхэр. Ди гуапэщ Эдуард абыхэми ехъулIэныгъэхэр щызыIэригъэхьэну, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуну.

**МЭЗКУУ Къанщобий.**

# Дызэрыгушхуэ Махуэ Билал

КъБР

***Дызыхыхьа илъэсыщIэр Олимп Джэгухэм я гъэщ. Дуней псом и спортсмен нэхъ лъэщ дыдэхэм я зэфIэкIыр щагъэлъэгъуэну Пекин и Олимп утыкушхуэм ихьэну дызыщыгугъхэм ящыщщ Махуэ Билал. БэнэкIэ хуитымкIэ нэхь хьэлъэ дыдэхэм я деж абы текIуэныгъэр къыщихьыну, Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщIэр щиIэтыну хуохъуапсэ лъахэм и щIалэгъуалэр, спортым дихьэххэри цIыху къызэрыгуэкIхэри.***



МАХУЭ Билал дежкIэ 2007 гъэри ехъулIэныгъэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ. Урысей Федерацэм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпионатым текIуэныгъэ дахэ къыщызыхьа ди лъахэгъур и тренер Гаджимагомедов Ханкаларэ бэнэкIэ хуитымкIэ Урысейм и щIалэгъуалэ командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Тембот Анзоррэ ящIыгъуу КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен иригъэблэгъауэ щытащ. «Зыщигъасэр Дагъыстэнрауэ, медалхэр къызыхуихьыр зэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр армырауэ щытми, ар ди лъахэгъущ, дыдейщи дрогушхуэ. Псоми фIыуэ ялъагъу Олимп чемпион Къардэн Мурати хуэдэу, Билал щапхъэ яхуэхъун хуейщ ди щIалэгъуалэм», - жиIащ абы щыгъуэм Президентым икIи и мылъкум къыхэкIыу сом мелуан тыгъэ хуищIат Махуэм.

А гулъытэм адэкIи къыпищащ. Жэпуэгъуэм Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щагъэлъэпIащ бэнэкIэ хуитымкIэ дунейпсо чемпион хъуа адыгэ щIалэ Махуэ Билал. Абы къыфIащащ «КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр». Ди лъахэгъур «Спорт Iэзагъ лъагэ дыдэм и школ» къэрал IуэхущIапIэм бэнэкIэ хуитымкIэ и спортсмен-инструкторщ, Налшык къалэ, Урысейм бэнэкIэ хуитымкIэ и командэ къыхэхахэм хэтщ.

ЦСКА-м и Кубокыр бэнэкIэ хуитымкIэ къэхьыным теухуауэ Москва щекIуэкIа зэIущIэу Урысей Федерацэм, Куржым, Украинэм, Кубэм, США-м, нэгъуэщIхэми я командэ къыхэхахэр зыхэтам щыбэна ди лъахэгъум Кубэм и бэнакIуэ Родригес Алексис щыхигъащIэри, текIуэныгъэр зыIэригъэхьат. Махуэм къихьа очкорт ЦСКА-м и командэр тезыгъэкIуари.

ЩIалэгъуалэм и дунейпсо, Урысей Федерацэм я чемпионатхэм щытекIуа Махуэ Билал бэнэкIэ хуитымкIи алыдж-урым бэнэкIэмкIи зэхуэдэу лъэщу зыкъегъэлъагъуэ. Иджыпсту Дагъыстэным щопсэу, Мэхъэчкъалэ дэт университетым юрист IэщIагъэм щыхуоджэ.

Мы гъэм Пекин щекIуэкIыну Олимп Джэгухэм Махуэ Билал жыджэру хуагъэхьэзыр дагъыстэн тренерхэм.

«Си гуапэщ Дагъыстэным и цIэкIэ е нэгъуэщI щIыпIэуи ирехъуи, нобэ утыку къихьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ адыгэ щIалэщ» щыжаIэкIэ. Дэнэ ущыIэми, сыт хуэдэ ехъулIэныгъэ зыIэрумыгъэхьэми, ущалъхуа лъахэм, уи лъэпкъым къэбгъэзэжынущ, си дежкIи абы нэхъ лъапIэ щы-…

**Шэрджэсыр егъэбжьыфIэ и Iэщэ-фащэм, абы хуэсакъ зэпытщ, иропагэ, уардэ щIохъукI. Шууэ зекIуэ ирикIуэным хуэгъэпсащ абы и фащэр.**

*БЕСС Жан-Шарль, мэжэр (венгр) щIэныгъэлI. 1829 гъэ*

## ● Бокс

***ЩIалэгъуалэр спортым дегъэхьэхыным, ахэр гъэсэным зи гуащIэ хэзылъхьэ тренерхэм ящыщщ Амщокъуэ Чэрим Бэчмырзэ и къуэр. Ар 1957 гъэм Налшык къыщалъхуащ. Вольнэ Аул дэт 12-нэ школым щIэсу боксым дихьэхащ. Илъэситхум щIигъукIэ Чэрим боксым зыщыхуигъэсащ а спорт лIэужьыгъуэм и лъабжьэр ди щIыпIэм щызыгъэтIылъа Метревели Петр и деж. Спортым и ветераным занщIэу гу лъитат щIалэр адрейхэм къазэрыщхьэщыкIым, нэхъыщхьэращи, ерыщагъ зэрыхэлъым.***

# Амщокъуэм и зэфIэкI

БОКСЕР ныбжьыщIэм зэхьэзэхуэхэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэригъэхьэу щIедзэ. ТекIуэныгъэшхуэхэми куэдрэ зыпагъэплъакъым: Амщокъуэм Урысейм и ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэу Мэхъэчкъалэ щекIуэкIам бжьыпэр щиубыдауэ щытащ. НыбжьыщIэр балигъхэм я зэпеуэхэми хэтт. Апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм ящыщ зым ар щефIэкIащ Европэм и чемпион Кайди Янош.

АдэкIэ щIалэр дзэм къулыкъу щищIэну Алма-Ата къалэм ираджащ икIи спорт ротэм хагъэхьащ. А зэманым абы ехъулIэныгъэшхуэхэр къихьащ. Зыбжанэрэ Къэзахъстан, Узбекистан, Таджикистан, Къыргъыз къэралхэм я чемпионатхэр къихьащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ адыгэ щIалэщIэр СССР-м и спортым и мастер мэхъу. Европэм, дуней псом, Олимп Джэгухэм я чемпионхэу Конакбаев Серик, Каменев Анатолий, Демьяненкэ Виктор, Соломин Василий сымэ хуэдэхэм езэуащ икIи текIуэныгъэр къафIихьащ. Амщокъуэм псори зэгъусэу зэIущIэ 200-м щIигъу иригъэкIуэкIащ, уеблэмэ СССР-м ис лъэпкъхэм я спартакиадэм нокдауным щигъэкIуащ Конакбаевыр, абы и ужькIэ Серик зэхьэзэхуэхэм хэкIауэ щытащ.

Дзэ къулыкъур къиуха нэужь, Чэрим Алма-Ата дэт дзэ еджапIэ нэхъыщхьэм щIотIысхьэри фIы дыдэу къеух. А зэманым ар ЦСКА-м и командэ къыхэхам хэтащ. Адыгэ щIалэщIэр абдеж къыщыувыIэркъым: ар Алма-Ата физкультурэмкIэ институтым щыщIотIысхьэ, ехъулIэныгъэкIи къеух. Налшык къегъэзэжри, КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и органхэм лэжьэн щыщIедзэ. Абы къыдэкIуэу автокомбинатым и спорт залым сабийхэр щегъасэ. 1995 гъэм Амщокъуэр пенсэм кIуащ, ауэ и тренер лэжьыгъэр IэщIыб ищIакъым.

Езым и зэфIэкIхэм нэмыщI, и тренер лэжьыгъэми Чэрим ехъулIэныгъэшхуэ щызыIэригъэхьащ. Абы и гъэсэн Шыкъ Тимур 1997 гъэм Македонием щекIуэкIа Европэ чемпионатым хэтащ. Амщокъуэм и гъэсэнхэм ящыщ куэд КъБР-м и чемпион хъуащ, УФ-м спортымкIэ и мастерхэщ, кандидатхэщ. Абыхэм ящыщщ Шыкъхэ Адэлбий, Тимур, Мухьэмэд сымэ, КIэрэф СулътIанбэч, Соблыр Азэмэт, нэгъуэщIхэри.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

# «Спартак-Налшыкыр» къахуикIуэтыркъым





**2005 гъэр Къэбэрдей-Балъкъэр футболым и тхыдэм игъащIэкIэ къыхэнэнущ - «Спартак-Налшыкым» премьер-лигэм щыджэгун щIидзащ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэр премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм зы илъэс нэхъ дэмыкIыу къыхэкIыжыну жаIэрт футболымкIэ IэщIагъэлI, а джэгукIэм дихьэх куэдым. Ауэ къэралым и командэ нэхъыфIхэм я Iэзагъымрэ езыхэм яймрэ зэрагъапщэу, футболеплъхэр я ерыщагъкIэ къагъэуIэбжьу ди щIалэхэм джэгун щIадзащ. Уеблэмэ, а зэманым къэралым и чемпион ЦСКА-ри Мэзкуу и «Спартакри» «Спартак-Налшыкым» къызэринэкIыу, турнир таблицэм бжьыпэр щыщиIыгъа зэмани къыхуихуащ. 2006 гъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ нэхъыщхьэм къэрал псом фIыкIэ и цIэр щигъэIуауэ, ебгъуанэ увыпIэм щыту джэгугъуэр иухащ.

2007 гъэми, нэхъапэм хуэдэу, псалъэмакъ куэд къекIуэкIырт, Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэм премьер-лигэр ибгынэну тезыгъэчыныхьхэр иджыри мащIэтэкъым. АрщхьэкIэ, ди щIалэхэр етIуанэ илъэсми къахуикIуэтакъым икIи епщыкIутIанэ увыпIэм зыщагъэбыдащ.

«Спартак-Налшыкым» премьер-лигэм лъэбыдэкIэ хэтыну зэримурадым и щыхьэтщ нэгъуэщI щIыпIэхэм щыджэгуа адыгэ щIалэхэр къызэрекIуэлIэжыр. 2005 гъэм ди командэм адыгэу щыджэгуар цIыхуитI къудеймэ - Мэшыкъуэ Аслъэнрэ Битокъу Тимуррэ - мы гъэм абыхэм я бжыгъэм куэдкIэ хэхъуащ. Иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ нэхъыщхьэм щоджэгу Мэзкуу и «Спартакым» къикIыжа Бажэ Амир. НэхъапэIуэкIэ Франджым щыджэгуа Къэжэр Назир командэм фIы дыдэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. КуэдкIэ дыщогугъ Балэ Рустам, Мэшыкъуэ Аслъэн, Джатэрывэ Къазбэч, ДзыхьмыщI Марат сымэ.

Премьер-лигэм мы гъэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм «Спартак-Налшыкым» щIидзэнущ гъатхэпэм и 15-м. БлэкIа илъэсхэм нэхърэ мынэхъ Iейуэ ар ирагъэкIуэкIыну зэрамурадыр дощIэри, ар къайхъулIэну ди гуапэщ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

## ● Самбэ

# Зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэхэр

***Иджыблагъэ Мэзкуу щекIуэкIащ самбэмкIэ къэралым и Кубокыр къэхьыным теухуауэ федеральнэ щIыналъэхэм я гуп зэхьэзэхуэхэр. Абы щыбэнащ илъэс 18-м нэхърэ нэхъыжьхэр.***

ГУП КЪЫХЭХАХЭМ хагъэхьар щIыналъэхэм я чемпионхэрщ, зэхьэзэхуэхэм нэхъыфIу зыкъыщызыгъэлъэгъуа бэнакIуэхэрщ. Апхуэдэу Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм и гуп къыхэхам хэту къэралым и Кубокым щIэбэнащ ди лъэпкъэгъухэу Бахъсэн ДЮСШ №1-м и гъэсэнхэу Вэрокъуэ Анзор (кг 52-рэ), Мудрэнхэ Беслъэнрэ (кг 57-рэ) Аслъэнрэ (кг 62-рэ) икIи зыхэта гупхэм пашэныгъэхэр щаубыдащ.

Зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэхэр ди спортсменхэм я дежкIэ хьэлъэу щытащ, ауэ ди щIалэхэм я ерыщагъым, я Iэзагъым и фIыгъэкIэ финал ныкъуэм Сыбыр Федерал щIыналъэм, финалым Приволжскэ Федерал щIыналъэм я гуп къыхэхахэр хагъэщIащ. Арати, самбэмкIэ Ипщэ Федерал щIыналъэм и командэ къыхэхам Урысей Федерацэм и Кубкыр къихьащ.

Ди спортсменхэр зэхьэзэхуэхэм хуагъэхьэзыращ УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Уэщхъун СулътIанрэ Иванов Дмитрийрэ.

**ДЭХЪУШОКЪУЭ ЛатIиф.**

## БЕМЫРЗЭ Мухьэдин

### Си адэжь лъахэ

Псом нэхърэ уэ, си адэжь хапIэ,
Умынэхъ бей, умынэ хъ ин,
Ауэ сэ зыми уэр нэхъ лъапIэ
Къысхуигъэнэнтэкъым щIэин.

Уи дежщ здэпсэур си ныбжьэгъухэр,
ЦIыхубз хьэщыкъ сызыхуэхъуар,
Си къуэшыр, сянэр, бын къысщIэхъуэу
Сэ гъащIэ дыгъэ къысхуэхъуар.

Уи дежщ я кхъащхьэхэр здэщыIэр
ЦIыху дыщэ кIэрысчахэм сигу,
Къыслъысмэ сэри ажал щIыIэр,
СызыщIалъхьэнур уэ уи щIыгущ.

Си лъахэ дыщэ! Уэ хьэщIагъэ
Зэпхахэр куэдым и куэдыжщ,
Ар дэри щIэлъщи ди гу щIагъым,
Ди адэжь хабзэ мыкIуэдыжщ.

Хуей хъумэ, сэри сиIэр фIыгъ уэу,
Си Хэку, уи хьэщIэм и къурмэнщ,
Арщхьэкlэ хапIэкIэ къофыгъуэм
Сэ уэ уи удзри щысхъумэнщ...

## АФIЭУНЭ Лиуан

### Зэ уадыгэну сыт и уасэ!

Уи адэжь хэм я бзэм урипсалъэу,
Я хъыбарыжь Iущх эр уи пшыналъэу,
Хъу эхъум я нэхъыфIыр зэхыуагъэхыу,
Ху махъсымэ фалъэр зэIэпыпхыу -
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
Уи къурш лъапэ псынэпс къыщыкъ уалъэр
Уи бын и быныжхэм къыщIагъалъэу,
Уи Iэщ хъушэм хъупIэ хэр яуфэбгъ уу,
Мо Iуащхьэмахуэшхуи къыбдалъагъуу -
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
Уи нэмыс, уи фащэ, уи джэгукIэм
Уи щIэблэщIэ уардэр щыгу фIыкIыу,
Узэпсалъэр,
УщIэпсалъэр пщIэжу,
Уи лъэпкъ напэр лIыгъэкIэ бгъэпэжу -
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
Уи шы лъэпкъыфI пцIащхъуэу
щIэлъэтыкIым
Укъэшэсрэ лIыуэ бгъэшу батэр,
УщIэукIытэжыни къыпхуимыхуэу,
Уэ уи щIакIуэ кIапэр жьым зэрихуэу -
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
Хьэм уигу щIэгъуу -
Зэхэпхамэ пщIэууэ,
УзэрылIэжынур
Зэгуэр пщIэуэ,
Дунеишхуэм уэ щыпщIэн щыпщIауэ,
ЛIым и хьэлкIэ гъащIэ къэбгъэщIауэ -
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!

## КIЫЩОКЪУЭ Алим

### Адыгэ Хэку

Адыгэ уафэ,
Адыгэ щIылъэ,
Уэгум сихьамэ,
ЩIылъэр си плъапIэщ.
Адыгэ уафэ,
Адыгэ щIылъэ,
Уи лъах эм ситмэ,
Дунейм сытеткъэ.

Уи къалэ щхьиблым
Зыкърагъэщхьу,
Вагъуэзэшиблыр
ЖэщкIэ зэщIоблэ.
А блым еянэу,
Нэхъ ябжьыфIэкIыу
Си гурыфIыгъуэр
Адыгэ хэкукъэ.

Уи губгъуэ к уэщIыр
Пшэплъу хадыкIыр,
Тэрч къызэрокIри
Псыдзэ зэхешэ.
Шым сыгъэшэси,
Дэни сыгъакIуэ,
Вагъуэ жыпIамэ -
Дыгъэ къэсхьынкъэ.

Уи нэр зыдэплъэм
Уи лъэр лъоIэсыр.
Къырым илъ дани
УлъэIэсакъэ.
Адыгэ уафэ,
Адыгэ щIылъэ,
Уи лъах эм ситмэ,
Дунейм сытеткъэ.

## МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

* * *

Сэ сыIуплъам
Адыгэ лIыжь,
ЗыхэсщIэу сохъур
Нэхъ лIыхъужь.
Къысщохъу зэхэсхыу
Уэрэдыжь,
Къысщохъу зэхэсхыу
Хъыбарыжь.

Адыгэ тхыдэр
Зи нэгу къищ
А лIыжьхэм
СыткIи задызощI:
Я хъыбарыжьым
СегъэIущ,
Я уэрэдыжьым
Сегъэлъэщ.

Ауэ зы лIыжь
ЩIым е хыжыху,
Нэрымылъагъуу
Нэпс сIэщIоху:
КIуэдыжу сфIощI
Зы уэрэдыжь,
КIуэдыжу сфIощI
Зы хъыбарыжь.

## МЭЩБЭШIЭ Исхьакъ

### Адыгэ Республикэм и Гимн

Тихэгъэгу кIасэу тигупсэр
Адыгэ чIыгушъ, терэI.
Зы бын-унагъоу лъэпкъыбэр
ЩызэгурыIоу щэрэI.

ШIум факIу, лъыкIуат,
Республикэу тиунэ дах.
Егъэхъу, зыIат,
Республикэу тигугъэ лъаг,
Уилъэпкъи хъишъэр
фэIу ат.

Дунаим ичIыпIэ шIагъор
Нэхъыжъмэ тэ къытфыхах,
Ахэмэ ялIыгъэ-шIагъэ
ЛIэшIэгъумэ къызэIэпах.

ШIум факIу, лъыкIуат,
Республикэу тиунэ дах.
Егъэхъу, зыIат,
Республикэу тигугъэ лъаг,
Уилъэпкъи хъишъэр
фэIу ат.

Хьэзабмэ уахэмытыжьэу
Уитыгъэ нэфи пшъхьащыт.
Урысейм зыкIэ ущыщэу
Ащ гукIи ущышъхьафит.

ШIум факIу, лъыкIуат,
Республикэу тиунэ дах.
Егъэхъу, зыIат,
Республикэу тигугъэ лъаг,
Уилъэпкъи хъишъэр
фэIу ат.

Тэ тыщэIэфэ-егъашIэм! -
ТичIыгоу тыгур щыIэщт,
Тиуашъуи тыгъи бэгъашIэ
Тэ ренэу, ренэу тиIэщт.

ШIум факIу, лъыкIуат,
Республикэу тиунэ дах.
Егъэхъу, зыIат,
Республикэу тигугъэ лъаг,
Уилъэпкъи хъишъэр
фэIу ат.

*1992 гъэ*



Урысей Федерацэм и цIыхубэ сурэтыщI



Пащты Герман и графикэ лэжьыгъэхэр

Номер 70 зэхэт





## МАХУЭЛI Нарзан

### Адэжь щIэин

ДжатэпэкIэ дядэжьхэм щIыр тхуавасщ,
ДжатэпэкIи жылапхъэ тхухасащ,
Дэр папщIэ ягу тхуилъах эр ядэтIыгъыу,
Бэвыгъэр Iутхыжынк Iэ къытщыгугъыу.

Иджы, лIэщIыгъуэ Iэджэ кIуа нэужь,
КъэкIар Iудох пымыту зы щхьэмыж.
Иджы щIэблэщIэр дитщ псэзэпылъхьэпIэ,
Ди натIэ хъуамкIэ куэдым мэс ди напэ.

Дыгугъэт фIыкIи... фыгъуэр куэдыкIейщ.
Сыт щыгъуи цIыхур мылъкум хуэнэпсейщ.
АкъылкIэ диувауэ тфIэщIми лIыпIэ,
ТхуэIэпхъ уэркъым зауэжьхэр нэгъ уэщI щIыпIэ.

ЩIы щIагъым щIэлъ дядэжьхэм я гур къоплъ,
Я плъэкIэм щIыр дэхъейуэ къыткIэлъоплъ.
Ди гуэнхэр нэщIщ. БлэкIынщи мы лIэщIыгъуэр,
Лъысынщ ди щIэблэм гъуанэу лэжьа гугъэр.

## ПХЪЭШ МуIэед

* * *

Адыгэбзэр жаIэ кIуэдыжыну.
Ар уи фIэщ уэ хъурэ, си ныбжьэгъу?
Зэхэпхар уигу къеуэу умышынэ,
Ди бзэр хуэныкъу эххэкъым гущIэгъу.

*Черкесск къалэ, 1994 гъэ.*

## КЪУНЫЖЬ ХьэIишэт

* * *

Гущэкъу уэрэдхэмрэ
лъэпкъ уэрэдыжьхэмрэ
Ныб жькIэ зэпысщIэу, сэ я кум ситщ.
Я макъ зэхэсхмэ, сыхуимытыжу,
Псэм уэрэдитIым хуетхыр уситI.
Псы уэру тIури зэхозэрыхьыр,
ГъащIэм и къуршым хуохъур ауз,
Гущэкъу уэрэдхэм гур ягъэIэфIыр,
Лъэпкъ уэрэдыжьхэм гур ягъэуз.
Арат бгъуэтыжри Iэмалу,
Аргуэру щIэпкъузэжырт уи бгыр...

Ирамыгъэщ Iу хэку унагъуэ,
ИрамыгъэкIыу зэи шыбгым,
И бгыр щIикъузэурэ бгы псыгъуэ
ЩIэхъуар аратэкъэ адыгэр?

## УЭРЭЗЕЙ Афлик

### Адыгэ

Уи лъэпкъгъэж эщIу, укъигъаскIэу,
Лъыгъажэ макъкIэ бийр къыщыбгэм,
УIэгъэр птхьэщIри тенджызыпскIэ,
УитIысхьэжащ аргуэру шыбгым.

Уагъэухуакъым уни лъапси,
Урагъэджакъым хуиту тхылъым.
ИтIани зыми уемыхъуапсэу,
Упсэут, пагагъэр хэту уи лъым.

Гъунэгъу-жэрэгъухэр къыплъришэрт,
УраIэ защIэт гупсысапIэ у,
Уи тхыдэ гъуэгури нэшэкъашэт,
МыгурыIуэгъуэу къэгъэшыпIэр.

ЩIэлэжьыхьыхукIэ уи шым налыр,
Къыумыгъэлалэт шыныбэпхыр.

## БЕШТОКЪУЭ Хьэбас

### ЛъэIу

Сыщилъми мащэм сыкъикIиикIынщ:
Алыхьым и хьэтыркIэ жыфIэ пэжыр.

КъурIэныр - муслъымэнхэм
я тхыль лъапIэщ.
Жор кIыхьыр - чыристанхэм я гугъапIэщ.

Иблис дохутыру тхьищэ щывмыIуэж,
Борис усакIуэщ жыфIэу фемыжьэж.

Уэшх къешхрэ - бдзапцIэ къотIэтIэх
жывмыIэ.
Уэ къехмэ - жин нэ кугъуэ у тхьэ щывмыIуэ.

Дауэ мыхъуами, лIыгъэ гуэр зивгъэIэ
ЦIыхум цIыху фIэфщыну.

Тхьэ фIэфщмэ - къыфхэубжьытхэжынщ,
Хьэ фIэфщмэ - къывэдзэкъэжынщ.

*1968 гъэ*

Редактор нэхъыщхьэхэр:
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд
ДЕРБЭ Тимур
ТХЬЭГЪЭПСО Увжыкъуэ

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епщIанэ къат

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м.
Щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ
Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

№ Н-0065
Индексыр 51531
Тираж 10.295
Заказ №481